

Нобэ Щыхубзхэм я дунейпсо махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№44 (22.452) • 2013 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 8, мэрем • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adygpsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІэ лъапІэхэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Екъулілэныгъэ яІэу илъэс куэд лъандзэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ щІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр» щІэр

Къуэшрокъуэ Люсэ Адэлбий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкъо курортхэмкІэ и министерствэм и «ЩІыфэ-венерологие диспансер» узыншагъэр хъумэныкІэ къэрал бюджет Іуэхущапіэм и дохутырым - дерматовенерологым.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» щІэр

Ширдий Маринэ Хьэжумэд и пхъум - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ» къэрал кІэзонэ Іуэхущапіэм и редактор нэхъыщхьэм и къудэзэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ» щІэр

Горбулинская Еленэ Иван и пхъум - «Бэрбэч Хь. М. и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионалъэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щІэзрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм нэгъуэщІ къэралхэм щыщ студентхэм ядалэжьэныкІэ и факультетым нэгъуэщІ къэралхэм щыщ студентхэм урысыбзэр егъэджынымкІэ и кафедрэм и дощептым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэр

Лосенэ Наталье Пётр и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкъо курортхэмкІэ и министерствэм и «Республикэ стоматологие центр» узыншагъэр хъумэныкІэ къэрал бюджет Іуэхущапіэм и дохутыр нэхъыщхьэм клинико-эксперт лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэм

Щоджэн Роэз Хьэждаут и пхъум - «Медицинэ дэІэпыкъуэгъуэ псынщІэмкІэ станц» узыншагъэр хъумэныкІэ къэрал кІэзонэ Іуэхущапіэм и бухгалтер нэхъыщхьэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэр

Афашокова Любэ Абрэхьим и пхъум - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и «Централизованнэ библиотекэ Іэнатіэ» муниципальнэ Іуэхущапіэм и къудамэу Былым къуажэ жылагъуэм дэтым и унафэщІм

Бадалоев Іэминат Мусэбий и пхъум - «Программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканал» къэрал кІэзонэ Іуэхущапіэм компьютер монтажымкІэ и операторым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм гъатхэпэм и 7-м
№25-УГ

* * *

Ширдий Маринэ щІэ лъапІэр къызэрыфІащам папщІэ я гуапэу йохъуэхъу Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм я хасащхьэхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм щылажьэ псори.

Щыхубзхэм я дунейпсо махуэ гъатхэпэм и 8-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен республикэм и щыхубзхэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхубз лъапІэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щІэнкІэ, си щхьэкІэ сэ кьызбгъэдэкІыу махуэшхуэмкІэ - Щыхубзхэм я дунейпсо махуэ гъатхэпэм и 8-мкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу.

Иджыпей зэманым гъащІэм и дэтхэнэ Іэнатіэми щыхубзым увыпІэ льагэ щиуфыдыщ. Кьыпхуэмылъытэнум хуэдизу инщ экономикэм, социальнэ, духовнэ Іэнатіэхэм зегьэужьыным, республикэм мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным фэ хэфщІыхьыр. Ди гум кьыбгъэдэкІ фІыщІэ фхудощІ хьэлэлу фызэрылажьэм, жыджэрэу гъащІэм фызэрыхэтым, гуапагъэрэ гу щабагъэрэ, акьылрэ дахагъэрэ зэрывбгъэдэлым папщІэ. ФІыщІэ лей хуэфащэщ сабийхэмрэ унагъуэмрэ ятеугбгъуа анэм. Аращ бзылъхугъэм и кьалэн нэхъ лъапІэ дыдэр икІи ди лъэпкъхэм я унагъуэ хабзэ нэхьыфІ дыдэхэр хьумэным и мыхьэнэр зэи нэхъ лъахьшІэ хьунуиІыным.

Щыхубзым и Іуэхур дэгъэкІыныр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и органхэм сыт щыгъуи я кьалэн пэрыту щытащ, нобэми апхуэдэщ. Фи гъащІэр гъэ кьэс нэхъ тынш хьун папщІ дэ тхуэзэфІэкІ псори долэжь, дяпэкІи длэжьынущ, Іэщіагъэкіи жылагъуэ Іуэхуэхэм я лъэныкъуэкІи фи зэфІэкІхэр кьэвгъэсэбэпын папщІэ хэкІыпІэхэр кьыфхуэзэгъэпэщынущ.

Мы махуэшхуэ лъапІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бзылъхугъэ гъуэзэджэхэм узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, гуапагъэ,ефІэкІуэныгъэ яІэну сохьуэхьу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхубз лъапІэхэ!

Щыхубзхэм я дунейпсо махуэмкІэ - дахагъэм, гуапагъэм, лъагъуныгъэм я гъатхэ махуэшхуэмкІэ си гуапэу сынывохьуэхьу.

Дэтхэнэ щыхьухьуми и псэм йохуэбылІэ анэр, щхьэгъусэр, пхъур, ныпхъур. Сэри нобэ фэ - зи ІуэхущІафэхэмрэ мурадхэмкІэ лІэщІыгъуэ куэд зи ныбжь унагъуэ хабзэ куухэр зыгъэбыдэхэм, зэрыщытын хуейм хуэдэу урысей унагъуэхэр быдэу, гуапагъэ ильу зэтезыІыгъэхэм - фхуэгъэза псалъэ гуапэхэр ныжесІэну сыхуейщ.

Шэч хэмылъу, щыхубзым и зэфІэкІхэр кьигъэсебэпын папщІэ иджыпей зэманым ІэмалыщІэхэр кьыхуэзэйуихьу йокІуэкІ. Дэ, щыхьухьухэм, а Іуэхур дэтІыгъын, щыхубзхэр къэрал властым и органхэм, жылагъуэ Іэнатіэм, щэнхабзэм, щІэныгъэм ехьэлІауэ зэрылрэжьэн Іэмалхэр кьахуэзэдгъэпэщын хуейщ. Ауэ мыбдеж зыщыбгъэгъупщэ хьунущым бзылъхугъэхэм хэхауэ я дакьвщхьэщыжьын, яхуэфащэ гулыбгъэ яхуэтщІын зэрыхуейр. Апхуэдэу дэ куэдкІэ дэльытащ анэхэр екІуу, узыншэу, насыпыфІэу щытынри.

Кавказым бзылъхугъэм пщІэ лей щыхуащІ. Дигу кьэдвгъэгъэкІыжьыт щыхубзым усэ гъуэзэджэ куэд хуэзыгъэпса ди классик ин Гамзатов Расул! Ди бзэгум кьыпольадэ абы щыгъуу дэри жьытІэну: «аргуэру си щхьэр лъахьшэу хуэзгъэщІэжьауэ, сэ щыхубзым и Іэм ба хуэощІ»... Сигуми си псэми кьыбгъэдэкІыу сынывохьуэхьу, ди щыхубз лъапІэхэ, фэ кьыфхуэгъэзэа лъапІуныгъэ псалъэхэм сыт щыгъуи апхуэдизу хуабагъэрэ пэжыгъэрэ яхэльыну дэ, щыхуэхьуэр, дыхэзрыфІщхьэщытыр, фызэрытхьуэмэр сыт щыгъуи зыихэфщІэу фекІуэжьыну.

Насып, лъагъуныгъэ, узыншагъэ, гъащІэ кІыхь фиІэну!

«Адыгэ макъ» газетыр - илъэс 90

1923 гъэм, дунейм и щІэрэщІэгъэу гъатхэпэм и 8-м, хьэрыл Іэлыфбейр и лъабжьэу адыгабзэкІэ дунейм кьытехьауэ щытащ ди къуэш республикэм (АР) къыщыдэкІ «Адыгэ макъ» газетыр. Щыхубэм фІыуэ яльагъу, тхыдэ гъэзэгъанэ кІыхь кьызэпысыжа Іэпэкъ газетым къыдэкІын зэрыщІидзэрэ нобэ илъэс 90 мэхъу.

«Адыгэ макъ»! Щыхуэхэм я гур хэзыгъэхуэ, зэрыхьэ унагъуэхэми зыжьэу жаІэр зыт - «ди бзэкІэ кьыдэкІыну газетым и гъуэгур зэІуихащІ». Япэ адыгэ газетыр зыгъэхьэзырар а лъхьэнэм тхэным зэзыта, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КІэрашэ Темботщ.

Газетым и фІэщыгъэцІэр зыбжанэрэ зэрахьуэкІащ: «Адыгэ макъ» (1923), «Колхоз быракъ» (1931), «Адыгэ псэукІ» (1926), «Гъэпчъэуат» (1929), «Социалистическэ Адыгей» (1938), «Адыгэ макъ» (1991). Ауэ абы сыт щыгъуи и кьалэн нэхъыщхьэу кьекІуэкІащ лъэпкъыбзэр, тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр хьумэныр, къыдэкІуэтей щІэбзаем бзэр яІурылъхьэныр, адыгэ дунейм къыщыхьуэкІыщыщІэхэм тепсэлъыхьныр. Иджыри аращ «Адыгэ макъым» и щІэпэкІэр. Газетым и журналистхэр хуэщхьэхыркъым цІыху, жылагъуэ гъащІэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэри къэгъэльэгъуэным, щыхубэр зыгъэпІейтейхэмрэ яфІэгъэщІэгъуэнхэмрэ тетхыхьыным, нэхъыщхьэраши, лъэпкъыбзэр хьумэным, егъэфІэкІуэным.

«Адыгэ макъым» и зыужьыныгъэм, абы лъэпкъым и дежкІэ иІэ мыхьэнэм и гугъу щыпщІкІэ, къыхэгъэщыпхъэщ илъэс 20-м щІигъуауэ, зэкъуэщ республикищым къыщыдэкІ газетхэр «Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Черкес хабзэ» (КъШР), «Адыгэ макъ» (АР) купщІафІэу зэрызэдалажьэр. Абыхэм зэдагъэхьэжьыр кьыдэкІыгъуэхэм кьыщІэт ди лъэпкъым и псэукІэм, Кавказым мамырыгъэрэ зэгурыІуэрэ илъэным, тхыдэм, щэнхабзэм, нэгъуэщІ куэдми ефха Іуэхугъуэхэм.

Адыгэ Республикэм газетыр зи щІасэ и цІыхубэми «Адыгэ макъым» щыІэ ди лъэкъэгъэнэ, ди лъэныкъуэ заузэщІыну, я ІуэхущІафэ дахэм лъэпкъым зыдиужьыну!

«Адыгэ псалъэм» и лэжьакІуэхэр.

Щыхубзым и 8-р Щыхубзхэм я дунейпсо махуэщи, девгъэхьэхьу узыншэну, насыпыфІэу, гугъуехьынщэу псэунхэу, гуфІэгъуэ щымыщІэнхэу...

СОГУПСІС: псалъэ гуапэ куэд яжетІэми, щыхубзхэр кьэдмыгъапщІэу пІэрэ?!

Пэжыр жьпІэнумэ, гъащІэм и хьэльэр сыт щыгъуи щІыхубзым нэхъ тегъэпщІауэ къокІуэкІ. Арагъэнщ ахэр кьыщезыгъэудари. Щыхубзхэм я махуэр гъатхэпэм и 8-м щІытехуар зымыщІэ щыІэу кьыщІэжьынкьым. Ауэ нэхъ щІалэхэм ящІэн щхьэкІэ ящІэн ящІэрэ щІыхубзыр іуэхугъэ-хущІэгъэ ящІэн, дэри дигу кьэдгъэкІыжьынщ.

ЗэрыжьтІауэ, дунейм и хьэльэр щІыхубзхэм ятегъэщІэпауэ кьэгъэуэгурыкІуэрт. 1857 гъэм гъатхэпэм и 8-м Нью-Йорк къалэм дэт щэкІ зэІущ фабрикэм щылажьэ гъащІэрыпсэу мин пІЫщІым зыкъагъэтащ я Іуэхур хуагъэтыншыну, гугъуехьыр хуагъэмэщІэну жаІэу. Ауэ полицэр ебгъэрыкІуэри яубэржьащ, фабрикэр лъэхьэуэщ хуэдэу ящІщ, бжэхэм ІункІыбзэ иратри, мафІэсыщхэ кьагъэхьауащ, абы, нэхъыбэр щІыхубзу, щІыхуи 129-рэ хихьащ. Ахэр щыщІалъхьэм, щІыку мининщІ нэхъ-рэ нэхъыбэ Іуэхум хэтащ, щІыхубзхэм я гурыщІэр даІыгъыу, я гуаэр дагуэшу.

1910 гъэм щыщхьэІу маэзм и 26-27 махуэхэм етІуанэ Интернационалыр Копенгаген щекІуэкІащ. Нэмыщ социал-демократ партым и пашхэм ящыщу Цеткин Кларэ кьыхилъхьэри, 1857 гъэм гъатхэпэм и 8-м яуэ.Іа бзылъхугъэ хейхэм я фэеплъу ягъэуващ дунейм псом щІыхубзхэм я махуэу ар щагъэлъапІэну.

1960 гъэхэм и кІэхэм а махуэр Америкэми щагъэлъапІэу щІадзащ. 1977 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м ООН-м унафэ кьищтащ гъатхэпэм и 8-р ЩІыхубзхэм я дунейпсо махуэу зэрагъэбелджылым теухуауэ.

ЩІыхубзхэр ди зэманым нэхъ тынш хьуауэ пІэрэ?

ЩІыхубзымрэ щІыхуэхьумрэ зэхуэгъэдэным тедгъащІэурэ, щІыхуэхьу гуащІэ зыхуэІ Іуэху гугъуэхэри щІыхубзхэм ятедмыгъэщІауэ пІэрэ? Сопльри, сабийр зыпІЫр, абы гугъу дехьыр щІыхубзраш. Унэр, пщІантІэр, жьыщІэн-тхъэщІэнар, пщэфІэнар, гуфІэгъуэмрэ гуэвэгъуэмрэ пыщІа Іуэху хьэльэхэр - мы псори зи фэ дэкІыр щІыхубзырщ. Абы кьыщымынэу, унагъуэр зыхуэнакъуэхуэнуэхэм егупсысри, ахэр кьэзыдлэжь-кьэзыхьри нэхъыбэу щІыхубзрауэ си гугъэщ. ЩакІуэ-щэхуакІуэу Іуэхум хагъэтыртэкъым, гугъу щехьын щІыпІэ жьыжь ягъакІуэртэкъым, зы хэгъэрей гъуэ хуащІырт. Унагъуэр зыхуэныкъуэр кьэлэжьын-кьехьэлІэныр щІыхуэхьум и кьалэнт.

Пэжщ, дунейм зихьуэжащ, щІыхубзыр мылажьэуи хьуну кьыщІэкІынукъым. Апхуэдэу щыщІткІэ, щІыхуэхьум абы и хьэлъэ гуэрхэр трихьифьи хуейщ сабий, унагъуэ Іуэхухэм ящыщу.

Сыхуитамэ, щІыхуэхьу гуащІэ зыхь Іэнатіэ, дэжьыгъэ хьэльэхэм щІыхубзхэр езгъэкІуэлІэнтэкъым. Абыхэм кьекІур щІыхубз-сабий узыфэхмкІэ дохутыр, хущхьэущІ-хущхьэущэ, тхакІуэ, усакІуэ, стІолым бгъэдэсу проект зэхэзыгъэувэ инженер хуэдэ Іэщ Іагъэхэрщ.

ЩІыхубзым щІыхь хуэзыщІ лъэпкъхэр, щхьалхэр яужь итщ дэжьыгъэри унагъэри здихьыфыну Іэмал иратыну. Псалъэм папщІэ, сабий зыгъуэтар сыхьэт бжьыгъэ гуэркІэ нэхъ мащІэу мэлажьэ, уеблэмэ компьютеркІэ псори зэпыщІа щыхъуа зэманщи, унэм щІэсу зи кьалэныр зыгъэзащІи щыІэщ.

Дауи, щІыхубзыр нэхъыбэрэ и унагъуэм, и бынхэм яхэсмэ, анэдэлъхубзэр Іуэрилъхьэу, и лъэпкъ щхьалхэр щІлъхьу бын узынщэ ипІмэ, ар лъэпкъымкІи, къэралымкІи, щІыхубзмкІи нэхъ щхьэпщІ. Аращи, зэманым кьыдит Іэмалхэр кьэдвгъэгъэсэбэп.

Гъатхэпэм и 8-м псалъэ гуапэ зэраежГэр, уэрэ гъэгъа кьаэзрыхуэтщэхур хьарзынщІ, ауэ псом я щхьэр зыхуеІ хуэдгъэзэныщ, дгъэфІэнырщ. Армырамэ, зы махуэ гулыгъэм гъэщІагъэ, фэрыщІагъ гуэр ящІ хуэдэу мэхьу.

ХЪУАЖЬ Фахьри.

Сынывэхъуэхъуу икІи сыфхуэхъуапсэу

ЯПЭ АЖЭГЪУЭМЭХЭМ, гъатхэ дыгъэм псэр догуфІэ. Щыхухьухэм «Дуней псор тыгъэ пхуэсщІыну сыкьэзырщ» щыжаІэ махуэшхуэр, гъатхэпэм и 8-р, къэсащ... Уэрэ гъэгъаэр зэблах, бзылъхугъэхэм хуащІыну саугъэтэр хьэзырщ...

Гъэлъэгъуэныгъэм куэд къыбжиІэрт

Тыгъэ лъапІэ иджыблагъэ щыхубзхэм хуищІащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм. Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм и япэ кьатым кьыщыізІуахащ гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт. Лъэпкъ музеим и унафащІым и кьуэдзэ Хьэщэ Иринэ щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, гъэлъэгъуэныгъэр теухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыьунэхуауэ щыта щІыхубз зэщІэхьееныгъэм и тхыдэм. «Нобэ дэ къыдогъэлъэгъуэж 1900 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1960 гъэ пщІондэ республикэм и щІыхубзхэр жьыджэру зыхъэта Іуэхугъуэхэр, - жеІэ Хьэщэ Иринэ. - Щыхубзм иджыри зэ я нэрылъагъу ящыдощІ а лъэхъэнэхэм мэкъумэщым, промышленностым, щІэныгъэм, щэнхабзэм, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми бзылъхугъэхэм щызэфІагъэкІыу щыта лэжьыгъэ мытынщхэр. Мыбы кьыщыхьащ дэфтэрэхэри, суратхэри, тхыпІэхэри. ФІыщІэ яхудощІ гъэлъэгъуэныгъэр кьыізэгъэпэщынымкІэ зыкъыптщІэзыгъэкьуа псоми. Ахэр: Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал архивырщ, Котляровэ Викторрэ Марие рэ я тхылъ тедзапІэрщ, «Горянка» газетырщ.

Гъэлъэгъуэныгъэр щІэщыгъуэ ящІ пасэрей лъэпкъ фащэхэм. Музеим и гъэтІылъыгъэхэм кьыщынэмыщІа, абыхэм яхэт ХХ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм адыгэ щІыхубзхэм зэрахьэу щыта фащэхэм Хьэщыкіу Мадинэ кьыгъэтщІыкІа Іудакъэщ Іэкіхэм ящыщ щыІ.

Блай Фуэз (щІэныгъэхэм я кандидат япэу хьуа бзылъхугъэ, дохутыр Іэзэ, жылагъуэ Іэжьакіуэ), Къэшэж Иннэ (адыгэ усакІуэ щІэрыІуэ), Зумакуловэ Танзиля (балъкъэр усакІуэ), нэгъуэщІ курэн - гъэлъэгъуэныгъэм зи щІэ ущирихьэлІэ щІыхубз гуащІафІэхэм тхыгъэ щІэхэхуэкІэ зыпхуэупсэ мыхъун яхэткъым.

Тхыдэм щыщу

ЗэрытщІэщи, блэкІа лІэщІыгъуэм и 20 гъэхэм Кавказ Ищхъэрэм мыхьэнэ зиІэ зэпхуэдизныгъэхэр щекІуэкІащ.

Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я щІыхубзхэм я япэ щІыналъэ зэхуэсри 1922 гъэм щыІащ. Абы теухуауэ газет тхыгъэ зыбжанэ ихьуащ ди Іъэпкъ музеим. А зэманым жьыдэкру, пасынщІэу я кьыізэгъэпэща хъуат щІыхубз лъэщапІэхэр (щыгъныгъуэхэр щад, щІы зэрахъэ), гупжьейхэр (щІэныгъэм, щэнхабзэм я фІыщІадж), ящІэрыІуэ Іэджи. А псори зыхуэгъэзащ республикэм и зыужьыныгъэрт.

Бгырыс щІыхубзхэр хущІэкъурт я лэжьыгъэм профсоюзхэри жылагъуэ Іуэхущапіэхэри кьыхашэну. Мыгувэу диІэ хьуащ Іэнатіэ зэхьыхэф щІыхубзхэр. Псалъэм кьыдэкІуэ, Старэ Крепостым (иджы Бахьсэн къалэрщ) дэта щІыхубз клубым и унафащІ хьуат Сасыкъ Фаризэт. Дэным, хэдыкІым хуэІэзэ а бзылъхугъэм и лэжьыгъэм щыщІидза лъэщапІэ мыиным фабрикэ псо кьыхэкІат. ИужькІэ, Фаризэт бгырыс щІыхубзхэм я клубым и унафэщІу хахьигъащ.

Къэбэрдеймрэ и промышленностым и Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм щІыхубзхэр щылажьэ хуат, абыхэм ІэмэпсымэщІэхэр кьагъэІурыщІэрт, Іэщіагъэ мытынщхэр зрагъэхьулІэрт. Псом хуэмыдэу, ахэрэ я гуащІэ емыблэжу щылажьэрт Іэфы кІэхэр кьыщыщІагъэкІ фабрикэм. Зэман кІэщІым екъулІэныгъэхэр зыІэрыгъэзыгъэхьа щІыхубзхэм я Іуэхущафэр республикэм и Іуэхущафэр республикэм и мызакъуэу. Урысейм кІи кьыщалъытэ хьуат.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Гъатхэм догъагъэ щІыхубзыр

• Пшыхьхэр

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

• Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Гъатхэм и лэгъупыкъу

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым, хабзэ дахэ хьуауэ, илъэс кьэс утыку кьыщрахьу «Гъатхэм и лэгъупыкъу» гъэлъэгъуэныгъэр мы махуэхэм кьызІуахащ. ЩІыхубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщІ бзылъхугъэхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэр налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ ирагъэльагъу, езыхэми я гуфыкьджыр кьаІэт. Абыхэм ехьуэхьуну хуей щІыхуэхьум я лежкІи Іуэныгъэр хэкІыпІэфІщ, сурэтыщІ бзылъхугъэхэм зэуэ псоми псалъэ гуапэ жжепІэныр сыт и уасэ!

ЯПЭ ХЪУЭХЪУ псалъэр жиІэну лъысащ зэІущІэр езыгъэкІуэкІа, КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгугъэныгъэм и правлензм и тхьэмадэ Темыркъан Геннадий. Ар зи унафэщІ Іуэхущапіэм щылажьэу зи махуэр зыгъэлъапІэхэм абы яритащ мимоэз удз дахэм и кьудамэ гъэгъанбэ зырыз.

АдэкІэ кьэпсэлъапІэр хуит хуащІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министру илъэс куэдкІэ щыта Ефэнды Джылахьстэн, ЩІыхум и хуитныныгъэр хьумэныкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэ Зумакулов Борис, Художественнэ школым и унафэщІ Зэхьуэхъу Валерэ, Налшык къалэм и ЩІыхубз советым и унафэщІ Дыджэш Лидэ (розэ дахэхэрэ бзылъхугъэхэм яритащ), Сурэтыщіхэм я зэгугъэныгъэм жэуап зыхь и секретарь Сындыку Нелли, сурэтыщІ Абей Іэсият, искусствовед Леонтьевэ Нинэ, нэгъуэщІхэми. ЩІыхуэхуэгъэ тепсэлъыхьащ анэхэм, щыпхъхуэм, щхьэгъусэхэм я махуэшхуэм, абыхэм лЫгъэрэ зэфІэкІыу гъащІэм кьыщІэлъагъуэм, ахэр хэмыту я дунейм нэгум кьыізэрыщІамыгъэхьэфым. Гъатхэпэм и 8-м хуэдэу щІэращІэу, дахэу, гуапэу ахэр пэсуну, екъулІэныгъэ я лэжьыгъэм дяпэкІи щалэну екъулІэхьуащ.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

«Адыгэ макъ» газетыр - илъэс 90

1923 гъэм, дунейм и щІэрэщІэгъэу гъатхэпэм и 8-м, хьэрыл Іэлыфбейр и лъабжьэу адыгабзэкІэ дунейм кьытехьауэ щытащ ди къуэш республикэм (АР) къыщыдэкІ «Адыгэ макъ» газетыр. ЩІыхубэм фІыуэ яльагъу, тхыдэ гъэзэгъанэ кІыхь кьызэпысыжа Іэпэкъ газетым къыдэкІын зэрыщІидзэрэ нобэ илъэс 90 мэхъу.

«Адыгэ макъ»! Щыхуэхэм я гур хэзыгъэхуэ, зэрыхьэ унагъуэхэми зыжьэу жаІэр зыт - «ди бзэкІэ кьыдэкІыну газетым и гъуэгур зэІуихащІ». Япэ адыгэ газетыр зыгъэхьэзырар а лъхьэнэм тхэным тхэным зэзыта, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КІэрашэ Темботщ.

Газетым и фІэщыгъэцІэр зыбжанэрэ зэрахьуэкІащ: «Адыгэ макъ» (1923), «Колхоз быракъ» (1931), «Адыгэ псэукІ» (1926), «Гъэпчъэуат» (1929), «Социалистическэ Адыгей» (1938), «Адыгэ макъ» (1991). Ауэ абы сыт щыгъуи и кьалэн нэхъыщхьэу кьекІуэкІащ лъэпкъыбзэр, тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр хьумэныр, къыдэкІуэтей щІэбзаем бзэр яІурылъхьэныр, адыгэ дунейм къыщыхьуэкІыщыщІэхэм тепсэлъыхьныр. Иджыри аращ «Адыгэ макъым» и щІэпэкІэр. Газетым и журналистхэр хуэщхьэхыркъым цІыху, жылагъуэ гъащІэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэри къэгъэльэгъуэным, щыхубэр зыгъэпІейтейхэмрэ яфІэгъэщІэгъуэнхэмрэ тетхыхьыным, нэхъыщхьэраши, лъэпкъыбзэр хьумэным, егъэфІэкІуэным.

«Адыгэ макъым» и зыужьыныгъэм, абы лъэпкъым и дежкІэ иІэ мыхьэнэм и гугъу щыпщІкІэ, къыхэгъэщыпхъэщ илъэс 20-м щІигъуауэ, зэкъуэщ республикищым кьыщыдэкІ газетхэр «Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Черкес хабзэ» (КъШР), «Адыгэ макъ» (АР) купщІафІэу зэрызэдалажьэр. Абыхэм зэдагъэхьэжьыр кьыдэкІыгъуэхэм кьыщІэт ди лъэпкъым и псэукІэм, Кавказым мамырыгъэрэ зэгурыІуэрэ илъэным, тхыдэм, щэнхабзэм, нэгъуэщІ куэдми ефха Іуэхугъуэхэм.

Адыгэ Республикэм газетыр зи щІасэ и цІыхубэми «Адыгэ макъым» щыІэ ди лъэкъэгъэнэ, ди лъэныкъуэ заузэщІыну, я Іуэхущафэ дахэм лъэпкъым зыдиужьыну!

«Адыгэ псалъэм» и лэжьакІуэхэр.

Ди гум къыбгъэдэкІыу

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ Іахьчэтыгъэ республикэм и щІыхубзхэм йохьуэхьу яп гъатхэ махуэшхуэмкІэ - ЩІыхубзхэм я дунейпсо махуэ гъатхэпэм и 8-мкІэ. Гурыфыныгъэмрэ уэрэ гъэгъахэмкІэ гъэщІа мы махуэм дэ хэхауэ фІыщІэ псалъэхэмкІэ захудогъаэу гуапагъэ, гулыитэ зыхэлъ, фІыуэ тлъагъу ди анэ, щхьэгъусэ, щыпхъу, пхъу дахэхэм.

Фэращ жьэгу мафІэр зымыгъэжьыкыр, лъагъуныгъэ нэсрэ гущІэгъуэр зыхэлъыр, фІым щыгугъыр икІи щыхухьуэрэ нэхъыр зэхабэмрэ хуэзыгъапІлъэр. Фэ фи кьалэн лъапІэр гъащІэм пыфщэнырщ, ар купщІэкІэ вгъэнщІынырщ. ПсынщІэу зызыхьуэж ди эзнамиэ я кьалэныр эзрыщІыгу кьоизж.

Мамырыгъэ, гуапагъэ, гу псэхугъуэ, узыншагъэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну дынывохьуэхьу. Насыпымрэ лъагъуныгъэмрэ сыт щыгъуи фщІыпрегъэу.

ПАЩТЫ Борис,
КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым и яп секретарь.

* * *

Ветеран лъапІэхэ!

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда къарухэм, хабзэхьэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм), я Налшык къаІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэр ЩІыхубзэм я дунейпсо махуэмкІэ кьывохьуэхьу икІи узыншагъэ быдэ, насып, мамырыгъэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну и гуапэщ.

Фи Іыхьлыхьэмрэ благъэхэмрэ я лъагъуныгъэмрэ гуухабагъэмрэ фыщымыщІэу, гулытэнэщэ фамыщІу фи гъащІэ псор ирекІуэкІ.

Гъатхэм догъагъэ цІыхубзыр

(КІэухыр. ПощІэдзэр 1-нэ нап.)

Хэтъхьэныгъэшхэр а лъэхъэнэм бзыльхугъэхэм зыхэлъщІахэм ящыщІ мэкъумэщ Іэнатіэр. Колхозхэм, совхозхэм щылажьэ цІыхубзхэр я къарум я пси емыблІэж жьыхуаІэм хуэдэт. Абы щыгъуэм нартыху нэхъ бэв дыдэр кІэрхьелІэжат Мологовым и цІэр зэрихьэу Советскэ районым щыІэ колхозым щылэжьа Джэшюкъуэ Къаэз и гупым. Правительствэм а цІыхубзым хунГъэфэщат медалхэмрэ орденхэмрэ.

Аруан районым и цІыхубзхэм щапхъэу яІащ ГъэкІэжь Хьаний. 1955 гъэм абы ныІгъа нартыхугъэкІ звеном къратауэ щытащ Лениным и орденыр. 1937 гъэм Аруан районым и колхозхэтхэм Хьаний хахат КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. Апхуэдэуи абы кІыхьагъэфэщат «За добросовестный труд в Великой Отечественной войне» медалыр.

Куэд кІыкІэлъ мы бжыгъэм: 1930 гъэхэм ирихьэлІэу щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэхэм я процент 44-р цІыхубзт.

Гъатхэ пшыхь

Илъэси 100 ирокъу БзыльхугъэхэмкІэ я махуэр Урысеим зэрыщагъэпсынІэрэ. Мы гъэми махуэшхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щаІэтащ.

Гукъинэ пшыхьт цІыхубзхэм дежкІэ вэсэмахуэ Къэрал киноконцерт гъэпсыгъуэпІэм щрагъэкІуэкІар. Удз гъэтхаэри, хьэрэхъуэри, уэрэдэри, кІыфэхэри - псори зыхуэфІэщхэр бзыльхугъэхэрт.

- ЦІыхубз пІыапІэхэу Фи махуэмрэ ІэнатІэ сынывохьэхьу, фи гухэпхэр кІывэхъуІэну, фи мурадхэм фыльэІэсу гъащІэ дахэ къэвгъэщІэну си гуапэщ, - жиІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іи и куэдэ КІуэдзокъуэ Мухьэмэд. Ар кьеджащ

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ШэтІ Ирмэ: Дохутыру сылэжьэныр куэд щІауэ си хъуэпсапІэт

Иджырей зэманым къэрал къулыкъущІапІэхэм бзыльхугъэ нэхъыбэ щылажьэ хъуащ. Шэч хэмылъым, ар къызыхэкІыр я акъылкІи я зэфІэкІкІи ахэр утыкуэхэм ихьэфыну зэрыщытыр жылагъуэм наІуэщ зэрыщащІыфырщ. Абы и пІьэныкъуэкІи ди республикэм и мащІэкъым зэрыгушхуэн бзыльхугъэ щыпкъэхэр. Ахэр зыпэрыт ІэнатІэхэм я пщэ къыщыдахуэ къалэныщыхуэхэр тэмэму зэрыщэфІахьыным, дзыхь къахуэзыщІахэм я пащхьэ щахъ жуэплыныгъэр нэсу зыхащІэрэ цІыхубзэр къэзэрыщыгугъым хуэдэу къаз эрыхущІыныным хущІэкъуу апхуэдизкІэ. Абы хэм ящыщщ мы гъэм и пэщІэдзэм КъБР-м зыпшагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министр къулыкъур зыхуагъэфэщащ Шэт Ирмэ Мухьэмэд и пхъор.

Шэт Ирмэ

ИРМЭ Налшык къалэ къыщалъхуащ. Курыт едкаІэр кІыиуэ иужь, ар щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым. ИужькІэ Москва кІуэри, абы ординатурэм и щІэныгъэм щыкиІэхъуащ.

Си адэ-анэр медицинэм зыкІи пыщІахьыш, ауэ сызэрыцІыкІыргэ ахэр щІэхъуэпсырт сэ дохутыр сыхъунэ, - жеІэ Ирмэ, и Іэщ Іагъэр къыщІыхихам и щхьэусыгъуэм и гугъу щищІкІэ. - Сыкъэзыльхуаэр апхуэдизу къызэрыскІыгугъыр пасэу зыхэзыщІа сэри, а Іэщ Іагъэр зэзгъэгъэтыныр си хъуэпсапІэ хъуащ.

Медицинэм и унэтІныгъэхэм ящыщу нэхъ кууэр иджыпсу, Іэщ Іагъэ хуэхъунур къыщыхихым, неврологием тригъэщІащ.

– Абы сыщІыдихьэхар а унэтІныгъэмкІэ зэфІагъэкІар нэхъ мащІэу, щІэныгъэ и пІьэныкъуэкІэ къэхутэныгъэ нэхъыбэ щыпхуегъэкІуэкІыну зэрыщытырщ, - жеІэ Шэтым. - Щапхъэ схуэхъуащ икІи нобэ си Іэщ Іагъэм гъаззу щызыІэщ си егъэджакІуэ, невролог, нейрофизиолог, РАМН-м и член-корреспондент, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м узэншагъэр хъумэнымкІэ и министр Скворцовэ Вероникэ. Ар Іэщ Іагъэм и сыт хуэдэ пІьэныкъуэкІи узыдэлпІьеин, си Іуэху епІыкІэ зиІэж цІыхубзыджащ.

Москва дэт сымаджэщхэм ящыщ зым и къудамэ зэхуэмыдэхэм щылэжьащ Ирмэ, иужькІэ аспирантурэм щІэтІысхьэжри, щІэныгъэ Іуэхум нэхъ кууэ зригащ. Апхуэдизу щытми, сымаджэхэм якІэлъпІупІьынри Іэщ Іыб ищІакъым. Иджыпсту зэрыхъужкІэ и Іэщ Іагъэ нэхъыщхьэм – дохутырым - зэрырилжьэныным хущІокІу, езым и нэІэм щІэту зэІэзэ сымаджэхэр иІэщ.

- Дэтхэнэ дохутырри хуэныкъуэу щытщ зэрыхуэзфІэкІкІэ сымаджэм зэрыдэпыкъуным, - жеІэ Ирмэ. - Ар Іэщ Іагъэр къыхэзыхахэм я лъым хэтщ жыхуиІэм хуэдэщ. Уи зэфІэкІыр, уи Іэзагъэр зыныгъэлІ цІэрыІуэхэр зыхэт конференцхэр, семинархэр къызэрегъэпэщ.

- Республикэм узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министр къулыкъур къысхуагъэлъэгъуэнщ зыкІи сызыпэмыплъэ Іуэхущ, - жеІэ Ирмэ. - Сэ доктор диссертацІэр зэрыстхьным зыхуэзгъэхьэзырыр, абы и ужькІэ дохутыру сылэжьану си мурадт. Арат ильэс куэд льандэрэ сызыхуэжІэу хъуэпсапІэр. АрщхьэкІэ апхуэдизу зыкъыщыстхуагъаазэм, сыкъыщыхъуа щІынальэм, республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэр егъэфІэкІуэным си гуащІэрэ си щІэкІрэ хуэзгъэлэжьэну Іэмал къыщызаткІэ, ар къэзмыгъэсфэныр къызэремызэгъым си гупсысэр хуэкІуащ. Си лэжьыгъэкІэ Урысей Федерацэм и хэгъуэгу куэдым сыщыІэну къысхуэщІащ, абыхэм езгъапщкІэрэ, щэч къытезмыхьэу схужиІэнущ, ди республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм фІыуэ зэрызиужьар. Пэжщ, иджыри зэфІэгъэкІыпхъэхэр мащІэкъым, ауэ гугъуехь гуэр узыщримыхьэлІэ зы Іэнатіи щІэкъым. Нэхъыщхьэращ, тхуэзэфІэмыхьи Іуэху щыІэу слъагъуркъым. Республикэм и Іэтащхьэм Іуэхур къызэрызидиІыгъур си дежкІэ куэд и уасэщ, абы узыншагъэр зэрыщыІэм Іэнатіэм къыщытпэплъэ Іуэхуэхэр ехьулІэныгъэ диІэу зэрызэфІэтхыфынумкІэ гугъэшхуэхэр къысхелъхьэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэ.

Уэнаевэ Аминат

Президентым и япэ чэнджэщэгъу

Илъэс 20-м ирилъэгъуэу ди республикэм и политикэ гъащІэм кууу хэтщ Уэнаевэ Аминат Мухьтар и пхъор. Араш бзыльхугъэхэм ящыщу япэ дыдэу КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэ ягъэувар. Социальэ, экономикэ Іуэхуэр и кьалэныхэм хыхьу, ар нобэми мэлажьэ.

АМИНАТ къыщалъхуар Къэзахъстанращ, къыщыхъуар кьалащхьэм пэІэщІэ Балъкъэр Ипщэ жьлэрщ. Абы курыт еджапІэр дыщэ медалкІэ къыщыгъэхри, Москва Ерыскъыпхъэ промышленностымкІэ и технологие институтым щІотІысхьэ. Ар 1974 гъэм къинхаш, инженер-экономист ІэщІагъэр зригъэзгъэтауэ.

Аминат лэжьэн щыщІидзар КъБАССР-м Ерыскъыпхъэ промышленностымкІэ и министерствэращ. Куэд дэмыкІыу Налшык щІакхъуэ-ІэфІыкІэ комбинатым и экономикэ къудамэм и унафэщІу ягъэхьІуащ, итІанэ апхуэдэ къулыкъу дыдэ Ерыскъыпхъэ промышленностымкІэ министерствэм и пщэ къыщыдалъхьащ.

1992 гъэм КъБР-м и япэ Президентым социально-экономикэ политикэмкІэ и чэнджэщагъу мэхъу. Абы лъандэрэ а къулыкъур ирехьэкІ Аминат.

Уэнаевэм махуэ къэс зэфІигъэкІын хуейуэ и пщэ кьыдэхуэ Іуэхухэр мащІэкъым. А псоми кьаджІуэу, ар Іэтащхьэм, Правительствэм деж щыІэ Совет, комиссэ зыбжанэм хэтщ. Ар сыт щыгъуи Іуэхум хищІыкІыу холжьыхьхь гъэзэщІакІуэ органэм кьащтэ дэфтэрэхэм.

Республикэм и экономикэм хэлъхьэныгъэшхуэхэр зэрызухущІам, а Іэнатіэм куэд щІауэ зэрыпэрытым папщІэ Уэнаевэ Аминат кьыхуагъэфэщащ «УФ-м экономикэмкІэ щІэныгъэ зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр, апхуэдизу КъБР-м и ЩІыкъ тхылъыр кьратащ.

И Іэнатіэ нэхъыщхьэм зэман куэд зэрихьми емылъытауэ, Аминат гулыстэшхуэ хуещІ жылагъуэ Іуэхуми. Абы дэтхэнэ щІыхуми зэрепсэлъэн бзэ кьегъуэтыф, сыт щыгъуи ІуапэкІэ и нэгу кьрихьу апхуэдзщ. Ар дэнэ зэхьхьэщумылъагъуми, и зыІыкІэм, зэпІэзэрытыгъэм, дахэу зэрыпсалъэм, зэрызихуэхуапэм гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым. Апхуэдэщ Аминат - республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу бзыльхугъэ гуакІуэр.

ШЫПШ Дзанэ.

Фи дунейр ефІакІуэу

Ди лъэпкъым псалъэжь куэд иІэщ адыгэ бзыльхугъэм теухуауэ. «ЩІалэр унагъуэм щхьэкІэ», пщащэр лъэпкъым щхьэкІэ зпІ», «Бзыльхугъэ зыдимыс хъулъхугъэрэ зи анэ зи мыгъуэ сабийрэ зэхуэдэщ», нэгъуэщІхэри.

Куэд къеІуатэ пасэрейм я гупсысэм. ИкІи щэч кьытетхьэркъым адыгэ бзыльхугъэм унагъуэмрэ жылагъуэмрэ дежкІэ зищІысым зы маскъали зэрыкІэрымыхуам.

Нобэрей махуэшхуэр кьэдгъэсэбэну, ди Іуэхуэхэри ди гъащІэри сыт и лъэныкъуэкІи кьытщызыгъэпсынщІэ ди анэхэм, щыпхьэхэм, щхьэгъуэсэхэм дехьуэхьуну дыхуейщ я псалъэ ІэфІрэ я ерыгІэ, я нэмысыр шиІэ я акъылыр иІэу, я гур щІыхэхъуэн Іуэхуэр я Іуэхур ядэзыІэтын щІыхуэрэ щымыщІэу куэдрэ тхуэпсэуну!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ
СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ
ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд.

Шапкинэ Любовь

Мамырыгъэр гуми жылагъуэми щытепщэмэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Арбитражнэ судым и унафэщІ Шапкинэ Любовь къулыкъушхуэ зэрехьэ, ауэ дэ ар и лэжьыгъэраклым зытетхьэпсэльыхьынур, атІэ гъатхэмрэ гъэм и къэщІэрэщІэгъуэм епха гурыщІэхэмрэщ.

- ЩІымахуэм къыщІэхужа дуней сабафэм плъыфащІэхэр зэуэ кьыхэзрищтэм укІэльыпльыну гъэщІагъуэнщ, гури хэзыгъахъуащ, - жеІэ Любовь. - Дунейм ещхьу, щыхъи и гум гуГъэщІэхэр кьыщоуш. КІуэ пэтми псори нэхъ зэрызэщІэгъагъэм, ихьуреягъыр нэхъ нэху, ІуплъэгъуафІэ зэрыхъум, щэч хэмылъу, уигури фІым хуэпабгъэ ещІ. Дунейм кьыщыщІэрэщІэжи кьэхуу гугъэ ІэфІ гуэрхэр.

- Зи гугъу пщы гурыщІэхэм гъэзгу ягъэзытын папщІэ, уэ кьызэрыпльпльэмкІэ, сыт щыхур нэхъ зыхуэныкъуэр икІи зыхущІэкъупхъэр?

- Дауи, мамырыгъэрщ. Жылагъуэр мамыру псэуныр фІыгъуэщхуэщ. КьыщыпэмыщІауэ, кьыхэзгъэщІыну сызыхуейр мырат: мамырыгъэр щІыхум и гум щытепщэмэ, псэгъэтынышъгъуэ гуэрым езыр эзщІыІэгъэм, апхуэдэм нэрыгъэщІри и щхьэм ирильытыщІ, фІы ищІэу дунейм тетынущ. Абы нэхьапэ сыт щыІэ?

- ЦІыхуэм гупсэхуэгъуэ кьезытыу щыІэм я нэхьапэу кьэпльытэр сыт?

- Мурад, хъуэпсапІэ гуэр уиІэнымрэ аэхэр зэбгъэхьулІэным ухущІэкъунымрэщ. Уи гъащІэр зы хабзэ гуэрым трегъэувэ абы. УкьызыхуэтэждкІэу Іуэхуэр пыухыкІауэ пщІэнымкІэ щыІэнэщхуэ иІэщ. Япэрауэ, гуитІщхьитІу ущытккым, етІуанэрауэ, цІыхухэми нэхъ уахозагъэ. КьищынэмыщІауэ, гупсэхуГъуэщ, насыпльшхуэщ унагъуэ уиІэнэщ. Уи унагъуэ искэм уахуэгъэзащІауэ лэжьыгъэ нэужьым уахьыхьэжьынырщ, зэрыжаІэщІ, «кьакъэ-пщІыпщІэу» гъэхэсынщ кьаруи кьыпкъэхъыльхьэщ, фІыгъуэщ щыІэмэ и кьэщыщхэщ.

- ФІыщІэ пхуэщІ «ГъатхэкІэ гурыщІэхэмкІэ» укьызэрыддэгуэшам папщІэ.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

Зи Іэщ Іагъэм хуэпэж

Іэдэбу, гудзакъэ иІэу, хьэлъщэн дахэ хэльу, щэныбІэу гъащІэм кьыдэгъуэгурыкІэу щыхум хужаІэ: «УГъурлыщ, кьызыхэкІа лъэпкъым хуэфащэщ». Мис апхуэдизкъм ящыщщ Бахьсэн кьалэм кьыщІьхуэ, щапІа, си гъащІэ псом и Іэфіыр уху ныгъэ ІэнатІэ мытыншымрэ и унагъуэ дахэмрэ хьэлэлу езыт Кхьуэлуфэ Иринэ.

УНАГЪУЭШХУЭМ кьыщыхьуа хьыджэбзэ щыкІур кьурыт едкаІэм щыщІсам адрейхэм куэдкІэ кьахэщхьэхуКІырт, школ гъащІэм щыжьдиежт, есэпым хуэгурыхуэти, абы лъэныкъуэ куэдкІэ зригъэуэжІырт. ЗэрыбынилпІым я нэхъыщІэти, щыдэпльеинрэ щапхъэ зытрихьэгъэкъаруР, щэнэжт. И адэ Борис Бахьсэн районым механизацэмкІэ и профтехучилищэм и тхьэмадэт, и анэр кьалэм дэт дэрбзэр Іуэхущапіэм и унафэщІти, абыхэм я гъэкІэлъэр, я гуп хэтыкІэр дерс нэс хуэхъурт, езыр гуащІафІэу кьэхъурт. И анэм и Іэщ Іагъэм хуэІэзэ хьуати, зыхуейр идыныр мастэнэ зэфІиуауэ кьыщыхьурТэкъым, апхуэдэу тышну кьеХьулІэрти.

Курыт едкаІэр фІы дыдэу кьэзыхуэ пщащэм и лъагъуэ щыпхишыкын хуей зэманыр кьыщысым, куэдрэ гупсысакъым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и инженер-техникэ факультетым промышленно-граждан хуэхьныгъэмкІэ и кьудамэм щІэтІысхьэри, ар екьулІэныгъэкІэ кьиухащ.

И гум дыхьэу, и псэм кьищтэу кьыхих Іэщ Іагъэр щІыхум кьыдалхъуу жаІэ. Абы щыхьэт текъуэ я нэщэнэхэм уэрэдыр зэрыщІэм Іэщ Іагъэм архитектурэмкІэ предметхэр куэуэ щІиджар, абы и щэхуэхэм нэхъуеиншэу зыщІыхигъэтъуэзар. Зэманыфі дэкІащ Кхьуэлуфэ Иринэ кьыхихэ Іэщ Іагъэм зэрырилажьэрэ, ауэ зы махуи абы хущІегъуэжакъым. «Сельстрой» трестым зэрыщыщІидзэрэ нобэрэ я зэхуакум кьриуиІидзу псы Іэджэ екэхащІ, кьэралми, республикэми зэхьэуэкІыныгъэшхуэхэр кьыщыхьащ. А псом кьадэунэхуа гуГуехьхэр и нэгу щІэкІам и мызакъуэу, и щхьэкІи игъэунэхуащ. Арами, зыпэрыт ІэнатІэм жэуапльныгъэшхуэ зэрыпльпльыр зэн Іэщ Іэхуакьым, и жьыджэрагъым кІэрыхуакъым, Іэщ ІагъэлІ губзагъэу, унафэщІ Іэ эу, пхыгъэкІакІуэ, кьыз эгъэпэщакІуэ нэсу зыкьыпгъэльэгъуащ.

ЕкІуу, уи пщІэр пІыгъыжу укъэгъуэгурыкІуэну тышкъым. Ар зыхуэгъэкъаруР, абы пэльэщыр и дэтхэнэ махуэрэ купщІафІэу сэбэп зыпІьуль ІуэхуэхмкІэ зыгъэнщІхэрщ, дыгъуасэр нобэм, нобэр пщэдеІм пызыщІэхэрщ, Іуэху щхьэпэхэм пызыщІэхэрщ, ипэкІэ пльэхэрщ. А пщалъэмкІэ убгъэдыхьэмэ, Иринэ ящыщу зи лэжьыгъэм гурэ псэкІэ бгъэдэтхэм, и дуней етыкІэ дахэмкІэ, и щІыхуэ хэтыкІэмкІэ зи пщІэрэ зи нэмысрэ зыбгрыщхэхэм. Пхузмыуэтэшыну емызэщІ, зэпІэзэрытщ, и щэныгъэ куур Іэнатіэм егупсысауэ кьыІэзрыщигъэсэбэпным хущІэкъуэпытщ.

- СССР кьэралыгъэр щІакъутэжьым кьыдэкІуа гугъуехь инхэм цІыхухэр ноби кьыдоскІэ. Абы щыгъуэ экономикэр зэтезыгъэщхахэм тхьэщІыуэжырт совет лъэхъэнэм и зэманым лъэныкъуэ гуэркІи зыужьыныгъэ Іыпэкъ ди ГъащІэм хэмыльауэ, ди пІэм диуджьыхь зэпытУ дыкьеКІуэкІауэ. Ауэ ильэс кІуахэм пэжыр наІуэ кьащІащ. Дяпэкъэ дэ кьэтпэщІтщ зыужьыныгъэм кьыдэжІуэну, «псэукІэщІэм» и тельхьэхэм «яІэщІжІауэ» щыта щыуагъэхэр зэрыдгъэкІуэдынум жьыдэжру дытелажьэну. Зэманым псалъэкІэ зыдедгъэжІуакІыныкъым, атІэ ар зэпымыууэ Іуэху я эрыльгъуэхэм-кІэ щІэдгъэбыдэн хуейщ, - жеІэ Кхьуэлуфэм.

Дауи, зи кьаруилыгъуэ дыдэу а псом и курыкупсэм хэта, «эзбІэкІыгъуэ» зыфІаща зэманым кьыдэунэхуа гугъуехьинхэм «ятхьпщащ» архитектор щІыхуб щыпкъэм щІэмыарэзыпрэ зыхуэмыдэрэ и мащІэкъым. Сыту жыпІэмэ, кьалэнышхуэхэр кьапэщІытщ, зэфІэкъэкІ зыгъэнщІхэрщ, дыгъуасэр нобэм, нобэр пщэдеІм пызыщІэхэрщ, Іуэху щхьэпэхэм пызыщІэхэрщ, ипэкІэ пльэхэрщ. А пщалъэмкІэ убгъэдыхьэмэ, Иринэ ящыщу зи лэжьыгъэм гурэ псэкІэ бгъэдэтхэм, и дуней етыкІэ дахэмкІэ, и щІыхуэ хэтыкІэмкІэ зи пщІэрэ зи нэмысрэ зыбгрыщхэхэм. Пхузмыуэтэшыну емызэщІ, зэпІэзэрытщ, и щэныгъэ куур Іэнатіэм егупсысауэ кьыІэзрыщигъэсэбэпныМ хущІэкъуэпытщ.

- Лужьрей зэманым зэфІэдгъэкІа лъэжьыгъэшхуэхэм зыщыгъэбгъэдэжьыну. Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэкі ар ягъэхьэзыращ «АТТИК», «А.К. Центр Проект» ООО-хэм. Проектыр гетащ 246,6-м тещІыхьащ. Абы и псэупІэ фондыр метр зэбгъуэзнатІэ зы мелуанрэ мини 133-рэ 280-рэ, социально-щэнхабзэ Іэнатіэхэр, Іуэхутхьэбзэщ Іапіэхэр метр зэбгъуэзнатІэ мин 755-рэ 90-рэ, транспорт гъэувапІэхэр мин 11-рэ 219-рэ мэхъу, курыт едкаІэм 5-сабий гъэсапІэу 22-рэ хохьэ. Хуэфащэ мылъку хуэзщІагъэуІэуІэмэ, ухуэныгъэм зэрыщІдзэнчм псори хуэхьэзырщ, - жеІэ Иринэ. – Бахьсэн кьалэм и ищхьэрабгъу лъэныкъуэм гектаритхум щаухуэну псэупІэхэм я проектыр зэхьэзырщ. Урыс усакІуэшхуэ Пушкин Александр Май кьалэм пэмыкьыжьэу зыщІигъэпсэхуэ жьыгеМ и Іэшэлъашэр ди проекткІэ зэІуэзэпэщ ящІащ: аттракцион щагъэуващ, лъэс зекІуапІ екІуэхэр щаухуащ, тетІысхьэпІэхэр щагъэуващ, уэздыгъэхэр щыфІадзащ, ихьуреягъкІэ я агъэщІэрэщІащ. Ирикъа а жыг хадэ щыІым цІыхуэм дихьэхьу зыщІагъэпсэху. Нартан къуажэкур зэІуэзэпэщ зэращІыну проектри дгъэхьэзыращ, нэгъуэщІ лэжьыгъэ Іэджи диІэщ, дэпэкІэ кьытпэщІыгъэри ди мурадхэри нэхъ мащІэкъым.

Кхьуэлуфэ Иринэ я кьалэн нэхъыщІхэм тепльэкъуКІырыкъым. Муниципальнэ щІыналъхэм я архитектурэ, кьалэухуэ кьудамэхэм я Іэщ ІагъэлІхэр я щІэтъэкъуэну кьалэ округэм зэрыкІэмрэ я генеральнэ планхэр зэхуагъакІуэ, зыхуэфащэ тхьапльэ ягъэхьэзыр. Абы хохьэ щІыналъэубзыху схемэхэр, щІыр кьызэрагъэсэбэп, ухуэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІ хабзэхэр, нэгъуэщІ куэдри.

Ар пэжыр япэ иІэгъэщІ унафэщІщ, Іэщ ІагъэлІщ, анэ гумащІэщ. ИщІэр зэрыфІэмащІэм, и гур фІымрэ дахагъэм я эзретам гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым. И Іуэху зезэкІэмкІэ, бгъэдэль щІэныгъэ куумкІэ а псор Иринэ кІэлъжьыжащ. Лэжьыгъэмрэ цІыхугъэмрэ зэщІыгъумэ, Іуэхур докІ. ПсэкІи жьыгъэгъуКІи зэрыкъулеІм кьару кьыхелъхьэ, гукьыдэж кьрет, и лъэр щІегъэкІ.

Урысеим и Архитекторхэм я зэгъуэныгъэм хэтт, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и ухуакІуэ Кхьуэлуфэ Иринэ и унагъуэкІи насыпыфІэщ. И щІалэ Алим щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтауэ программэту мэлажьэ, ипэкІэ ФатІимэ Псыхуабэ кьэрал лингвистикэ университетым и етІуанэ курсым щІэсщ. Ахэр и гурыфІыгъуэу, щыІэм я нэхъыфІхэр яхуэзэпищу кьэгъуэгурыкІуэ ана гумащІэ, пэжьыгъэ щхьэпэ езыхьэкІ архитектор Іэзэ, Іуэхуфіхэр зи Іэужь Кхьуэлуфэ Иринэ мурадыфІхэр иІэу я махуэ льапІэм ІоущІэри, дяпэкІи Тхьэм хущІигъэхьэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

Си анэм деж

Мыкъуэжь (Бищу) КІуІэ хуэотх

Зауаем илыпщІащ уи сабингъэр,
ХадащІэм уэхэтащ уи кьэжэпхьыгъуэм,
Уэ ущащІащ зыгъэунэхуаХэм гъаблэр,
Пхьэ дамырыкьым зыхэпщІащ и кьэлъэр...

Си анэ тхьэмыщкІэу си псэр зэзгъэшхьи...

Лэжьапіэм, унэм я кум удэмыкІыу,
Уи гъащІэр епхьэкІащ хьэзабэхэмыкІыу.
Дакьикэ быным уатепІьэкъуКІакьым,
Уэ зыри мы дунейм тепльагъуКІакьым...

Си анэ тхьэмыщкІэу си псэр зэзгъэшхьи...

Зы дыщэхэкІи уэ зыкІэрыпІпхъакъым,
Зы тофлъэ екІуи уэ зыльпІпІэгъакъым.
Сыт хуэдэу уэ уэкІуиуг бостей льапІэ,
ЕкІунут уи льэхэм алэрыбгъу щабэ...

Си анэ тхьэмыщкІэу си псэр зэзгъэшхьи...

Хьэлэлу сыхуэлажьэми къэралым,
СомитІ я кІапІэ схуэзтеубыдакъым.
ЦІыкІуфэкІухэр мыхьумэ,
арэзы сыкьишІу,
Зы фэильхьэгъуи кьыпхуэсщэхуфакъым...

Си анэ тхьэмыщкІэу си псэр зэзгъэшхьи...

Зы псалъэ дыджи уэ кьыбжьэдэкІакьым,
Уи жагъуэ кьащІи – зэгъэгъуэпльжьакъым.
Уи псэ хеищэм кьегъэнэху уи нэгур,
Уи нэгум кьегъэнэху узыдэс жьэгур...

Си анэ тхьэмыщкІэу си псэр зэзгъэшхьи...

Анэшым сыщыщІыкІум сыкьэнамэ,
Нэху згъэщт, сыпхуэззэщауэ сыгьынанэу.
А гъэхэм сфІощІ си гъэ кьагъэзэжауэ,
Сыдэсыжьыфькьым кьалэм уэрыншауэ...

Си анэ тхьэмыщкІэу си псэр зэзгъэшхьи...

Куэд мыщІэу кьуажэм сынэІэпхъуэжьинущ,
Уи жьыщхэр згъафІэу сыббгъэдэсыжьинущ.
Уи щхьэнтэр ткьищІ – зэгъэгъуэпльжьакъым,
Уи шхынер хуабэу укьэзгъэтэджьинущ...

Си анэ тхьэмыщкІэу си псэр зэзгъэшхьи...

Зы зэщІэдгъакьуэу, зи Іэр зэрыльыгъуу,
Бжэлупи хади укьыщесщэжьІынущ.
Апхуэдэу уэрэ сэрэ дызэщІыгъуу,
Уи баш хьэншакъри сыт зэрыпщІыжьынур?

Дэтхэнщи ар – блэкІ гуэркэм еттыжьинущ...
Си анэ тхьэмыщкІэу си псэр зэзгъэшхьи...

Къэзанш Людмилэ

Людмилэ и къару къигъэхъуапIэр

ЗэфIэкI зиIэу республикэм къызылхугъэ насыпыфIэхэм ящыщ Урысей къэрал телерадиокомпаниемрэ Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и унафэщI Къэзанш Людмилэ.

ЦIыхУР нысыпыфIэу кьалытэ зыпэрыт Iэщыгъэр и гум, и псэм дыхьэмэ, абы дзрэжэгъэу кьритмэ. А лъэныкъуэмкIэ Къэзаншыр зи кIэн кьиКлахэм ящыщу жыпIэмэ, ущыэнукьым.

Людмилэ республикэм и егъэджакIуэ, хьыбарегъащIэ Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм Iутащ, дэтхэнэми ехьулIэныгъэ щIэрэ и кьалэнхэр пылъхьэнэу щигъэзащIэу. 1990 гъэм лэжьэн щыщIэзэ Налшык и курыт еджапIэ №20-м, урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ егъэджакIуэу. Нужькlэ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент, егъэджакIуэмрэ щIэныгъэмкIэ и кьудамэм и унафэщIу лэжьащ. «Си бзэ, си псэ - си дунейрес публикэпсэ зэпеуэр зыубламэм яхэтащ.

2001 гъэм Людмилэ Урысей къэрал телерадиокомпаниемрэ и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм ирагъэблагъащ IуэхущапIэм и щIалэгъуэзэ редакцIэм и унафэщIу лэжьэну, адэкIэ телевидеоэм и хьыбарыщIэ Iэнатlэм и шеф-редактор хьущ. 2004 - 2006 гъэхэм Москва дэт «ВКТ» телекомпаниеи редактору щылэжьащ, 2005 гъэм щыщIэдзауэ ВГТРК-м и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэу, 2009 гъэ лъандэрэ абы и унафэщIу мэлажьэ.

Кьыхэзгъэщыпхьэщ, унафэщI Iэкlуэлъакlуэм, бзылъхугъэ гумызагъэм и лэжьыгъэм псом я щхьэ кьыщилытэр нэтынхэр щIэщыгъуэ ящищIуэр телевизореплъхэр кьыдихьэхыныр зэрыварар. Телевидеоэм кьыдIэпхъэмрэ хьыджкIэхэмрэ я зэфIэкI кьагъэлъэгъуэфынымкIэ Людмилэ ядолэпыкIу, чэнджэщ щхьэпэхэр ярет.

И лэжьыгъэм щиIэ екъулIэныгъэфIхэр кьалытэри, КъБР-м и Правительствэм, республикIэм и Iэтащхьэм, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм я фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр мызэ-мытIэу зыхьугъэфэщащ.

- Уэшпэрыт Iэщыгъэр фIыуэ пльагъунырыр екъулIэныгъэхэм я кьежьапIэр. Журналистым и Iэщыгъэм зыри щIэжьыкIи, Нобэр кьыздэсым фIыщIэ ин яхуэсщ си гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуа журналистхэм сыхэзыщIауэ щыта цIыхухэм, - жеIэ Къэзанш Людмилэ. - Апэ лъэбакъуэхэр Iэщыгъэм щыхэсчэ «Адыгэ псалъэ» газетым папщIэ «ст дыщ жьантIэ» жызоIэ. Кьыздэлэжьа псоми фIыщIэ ин яхуэщI, а махуэ лъапIэмкIи цIыхубзхэм сохьуэжьу. Газетым и лэжьакIуэхэми, ар зи унагъуэ кьихьэ зэтхэнэми насыпрэ гуфIэгъуэкIэ сахуэупсах.

Лэжьыгъэм щимызакъуэу, унагъуэ насыпкIи Тхьэр зыхуэупсахэм ящыщщ Людмилэ. Абырэ и щхьэгъусэмрэ зы кьуэрэ зыпхъуэрэ зэдапIащ, гъащIэ гъуэгу зэпхъуэрэ зэдапIащ. Абы сыдигъуэ Москва щыхуедежащ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатым и дзэпкъыгъэгъуэ мэлажьэ. «Россельхознадзор»-м и республикIэ центрым и IэщыгъэлI нэхъыщхьэщИслъам. ОксаниИслъамэ я щIэныгъэм хагъахьуэ, тIурэ аспирантурэм щоджэ. Людмилэ зэрыжиIэмкIэ, гъащIэр кьызэрыхуэпса тыгъэ зэпхъуэ хьу и пхъурыльхъу гъэфIэн Даянэ щыкIуащ. И бынхэмэ и лэжьыгъэмэ гу ящихэуну Людмилэ дохьуэхьу.

ТЕКIУЖЬ Зарет.

Лъыхъуэм къегъуэт

Цыкубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу дэ зыхуэдгъэзащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Саенкэ Татьянэ, и мурадхэм, я лэжьыгъэм, бзылъхугъэ щIэныгъэм и щэхухэм зыщыдгъэгъуэзэмэ ди гуапэу.

- Жызыlэ щыlэщ бзылъхугъэмрэ политикэмрэ зыкIи зэмыкIуалIэ Iэхуху. Уэ урищыхьэщ а псалъэхэр зэрыпщIым, ауэ Iэнатlэр кьыщохьэлъэкI къэхъуэ?

- Политикэм уэхтыну, дауи, тыншкьым. Абы махуэ кьэс кьару епхьэлIэн, уи щIэныгъэр хэбгъэхъуэн хуейщ. Политикэм сыхэмыхьэ щIыкIэ егъэджэныгъэ Iэнатlэм илъэс 18-м щигъуэкIэ сыщылэжьащ. ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ, ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ зэзыншагъэр хъумэныжькIэ, ЩIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ, Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ, нэгъуэщI комитет зыбжанн си нэIэ щIэтщи, псом нэхъри нэхъ гугъур унафэхэмрэ хабзэхэмрэ кьаиз щымыIэу ущыгъуаззу щытын зэрыхуейщ, зэхъуэжIныгъэ щыхэпльхьэкIэ, ущымыуэн хуэдэу. Мис а псори пхузэгъэзыIуэмэ, адэкIэ гугъуэжьым. Сэ сыт щыгъуи щIэ гуэр зэзгъэщIэну, сымыщIэр кьэсщIэну сыхущIокьу. Лэжьэн щыщIэздзами щIэныгъэм сыкуэпабгъэ зэпыт, щIэныгъэм хэзгъэгъахьуэ дерсхэм сыкIуэрт. Политикэм уэхтыфэн, абы зыгуэр хэплъхьэфын папщIэ, цIыхухэм уеПсалъэфу, абыхэм я гум щIэтыкIыжу ущыгъэззу, Iу зыIыльтапхъэм ухуэнабдзэгубдзапIэу ущытын хуейщ. Узыр бгъэхъуэжьын папщIэ, абы и кьежьапIэращ кьэпльхьуэнкьэр. ЦIыху кьыздэрыгъэкIэхэм Iуэху пыуэкIа гуэрым и хэкIыпIэр нэхъыфIу щащIэ куэдрэ кьохьу. Аращ абыхэм нэхъыбэрэ хахуэзэн, уедэIуэн щIыхуейр. Политикэм пыщIам зэманым деиту, уеблэмэ и пэ иту зимыужьмэ, хуэзфIэкIынур мащIэщ.

- Зэпхьа кьупльыкъуэм, узэпэрыта Iэнатlэхэм нэхъ гугъуэ хэлъэр сыт?

- Пэжыр жыIэнэщи, псом нэхъфэ нэхъ гугъуэ икIи нэхъ хьэлэмэтыр егъэджакIуэу улэжьынырщ. Сэ пэщIадзэ кьаосхэм я егъэджакIуэхэр лэжьэн кьиззэрыщIэздзар. ГъащIэри дунейри яфIэрэзщIэгъэуэну япэу школым кьакIуэ цIыкIухэм уащыдзлажьэкIэ, а уэ кьиззэрыкIуэу кIуэу кьаруушхуэ кьуат. Ар лэжьыгъэшхуэщ, абы нэхъри нэхъ Iэнатlэ гугъуэ иджы кьызэдасым сыпсэрытауэ сщIэжьркьым.

- Татьянэ, цIыхум хэпльыпкъэ хьэл-щэнхэм щыщу сыт-ра япэ ибгъэщыр?

- Псэ кьабзагъэрэ. ФэрыщIагъ зыхэлIым Iэмал зэрибжIэ, пэIащIэ зэрязыщыысщыным яужь ситщ. Дапхъэдизу гъащIэр гугъу мыхъуа-ми, зигугъэ зи псэрэ кьабзэм нэхъ лъагъуэфаIэ щыIэкIым.

- ГъащIэ гъуэзэу жыIэгъуэ е псалъэжь уиIэ?

- НэхъапэкIэ жысIам кьызтезгъэззэжьыщи, сыт щыгъуи седжэну зэрысфIэфым ежьлIауэ, жьэдэрейц: ехьулIэныгъэм, насыпым уи Iэ зэтедзауэ ущыскIэ, укьылъхьэунэхьым, хьэрычэт пщIыр берычэт мэхъу. Уи мурадхэмрэ зыхуэбгъэувыж кьэпэнхэмрэ нэхъ иныху, нэхъ щIэгъэхуэфабэуэ абыхэм ухуэхэIуэху, нэхъыбэ кьохъулIэнщ. Псом хуэмэдэу нобэрей зэманым IэмалыфI кьурет зи щIалэгъуэм. Пэжщ абыхэм яхэтщ лэжьапIэ ямыгъуэту, я улахуэр яфIэмащIэу тхьэусыхэ куэд, ауэ лъэхъуэм кьегъуэт. Цыхьэсугъуэ улыбэ-кIуэ, зэрысугъуэ бгъуэтынущ, Iэнатlэ улыхьэумэ, лэжьапIэ кьэбгъуэтынущ. Псори занщIэу кьыззэхуэлIа щIэныкъым, нэхъ цIыкIумкIэ, нэхъ мащIэмкIэ кьыщIэбдзэу, ари зэфIэкIэр кьэбгъэльагъуэрэ адэкIэ укIуэн хуейуэ аращ. Iэхуфl куэд кьыщIэт ди республикэм, щIалэгъуалэм я зэфIэкIэр щIэныгъэрэ щIагъэльагъуэн тукьукэр ират, ауэ иджыри зэ кьытезгъэззэжынщи, а псори фIыщ мурад зиIэм дежкIэ. ЩIалэгъуалэм я дуней еплъыкIэр убзыхуэ хъунымкIэ кьапэнкьыщуэ я пщэ кьыдохуэ адэ-анэм. И зэманым кьечэнджэщу, фIымрэ емрэ зэхэхауэ кьыжраIэу, зыщIэ-цIыхубзхэм яхуэгъэзауэ кьзэгъгъэсбэпынт. Дуней зызыужьым къеозгъэщу гъэсэнигъэри, хабзэри, днири зэгъуэгуу щIэблэм хэплъхъэн папщIэ ауэ кьызэрымыкIуэу акъылышхуэ ухуейщ. СызыгъэгуфIэхэм зыщыщу ди цIыхубзхэм ущагъуэ ри, сабий гъэсэнри, лэжьыгъэри зэрызэдахьэн щIэ-ныгъэрэ зэфIэкIрэ зэра- Iэр.

- Дэ зэрытщIэмкIэ, уэ хъыджэбз тхьэIухудиIу уиIэщ. Лхэр дэнэ нэса, сыт хуэдэ екъулIэныгъэхэр яIа?

- Хьыджэбз нэхъыжьыр КъБКъУ-м иджылызыбзэмкIэ къудамэм щоджэ, еплIанэ илъэсыр негъэс. НэхъыщIэр Санкт-Петербург Киномрэ телевидеоэмкIэ и университетым и ещанэ курсым щIэсщ. ЕджанIэр кьаухэмэ, адэкIэ деплъынщ, эжIэ пыухыкIауэ зыри схужьIэну кьыщIэкIынкъым.

- ГъащIэм уэрригъэувэ щытыкIэм елъытауэ, гуэдзэ пхуэхъуауэ псалъэ хэха уиIэ?

- Япэм «эзи уклыМыкIуэтэ, - жыIэу щытащ, иджы ар цIыхухъуэм нэхъ хуэкIуэу кьыщцохъу. Сэ сыщIыху щабэу жаIэ, ар еэым кьызгурыIуэжу, зэран кьыщысхуэхъуи кьысхуи хуиту, ауэ, итIани, а щабэгъэр цIыхубзым хэмылъу кьысхуегъэззэгъуркъым. ЦIыхубзыр хьэлкIэ щабэу, акьылкIэ жану, гукIэ кьыМыIуэту щытын хуеиуэ кьызолъытэ, гъащIэм и «жьапщэхэм» зыщихъумэфын папщIэ.

- Сыт хуэдэ псалъэкIэ захуэгъэзэнт Къэбэрдей-Балькъэрым и сэлъхуэгъэхэм.

- Сыхуейт ди цIыхубзхэм щIэ нэхъыбэ яIэну. Хъарзынэщ цIыхубзхэм я махуэ хэха зэрыщIэр, ауэ цIыхубзыр махуэ кьэс апхуэдэ пщIэ, гулытэ хуэнькъуэщ. Махуэшхуэхэм дызэрызэхуэгуапэм, дызэрызэхуэгумащIэм хуэдэу махуэ кьэс дыщытамэ, гъащIэр нэхъ дахэ хьунут, шэч хэмылъу. Ди цIыхубзхэм я гъащIэр яхуэзыгъэдахэн, яхуэзыгъэлъэпIэн кьакъуэгъуэ я дунейр гъатхэ щIэращIэм хуэдэу ирахьэкIыну, цIыхуэ нэхъ лъапIэныгъэу иIэр - цIыху лъагъуныгъэр кьыгащIэхъуэ щIэблэм яхэлъу хьащIэгъэзэджыныр. Кьэзанокъуэ Жэбагъы «зэманым деКIур ЛыфIщ» - зэрыжиIар ди цIыхубзхэм яхуэгъэзауэ кьзэгъгъэсбэпынт. Дуней зызыужьым къеозгъэщу гъэсэнигъэри, хабзэри, днири зэгъуэгуу щIэблэм хэплъхъэн папщIэ ауэ кьызэрымыкIуэу акъылышхуэ ухуейщ. СызыгъэгуфIэхэм зыщыщу ди цIыхубзхэм ущагъуэ ри, сабий гъэсэнри, лэжьыгъэри зэрызэдахьэн щIэ-ныгъэрэ зэфIэкIрэ зэра- Iэр.

- Дэ зэрытщIэмкIэ, уэ хъыджэбз тхьэIухудиIу уиIэщ. Лхэр дэнэ нэса, сыт хуэдэ екъулIэныгъэхэр яIа?

- Хьыджэбз нэхъыжьыр КъБКъУ-м иджылызыбзэмкIэ къудамэм щоджэ, еплIанэ илъэсыр негъэс. НэхъыщIэр Санкт-Петербург Киномрэ телевидеоэмкIэ и университетым и ещанэ курсым щIэсщ. ЕджанIэр кьаухэмэ, адэкIэ деплъынщ, эжIэ пыухыкIауэ зыри схужьIэну кьыщIэкIынкъым.

- ГъащIэм уэрригъэувэ щытыкIэм елъытауэ, гуэдзэ пхуэхъуауэ псалъэ хэха уиIэ?

- Япэм «эзи уклыМыкIуэтэ, - жыIэу щытащ, иджы ар цIыхухъуэм нэхъ хуэкIуэу кьыщцохъу. Сэ сыщIыху щабэу жаIэ, ар еэым кьызгурыIуэжу, зэран кьыщысхуэхъуи кьысхуи хуиту, ауэ, итIани, а щабэгъэр цIыхубзым хэмылъу кьысхуегъэззэгъуркъым. ЦIыхубзыр хьэлкIэ щабэу, акьылкIэ жану, гукIэ кьыМыIуэту щытын хуеиуэ кьызолъытэ, гъащIэм и «жьапщэхэм» зыщихъумэфын папщIэ.

- Сыт хуэдэ псалъэкIэ захуэгъэзэнт Къэбэрдей-Балькъэрым и сэлъхуэгъэхэм.

- Сыхуейт ди цIыхубзхэм щIэ нэхъыбэ яIэну. Хъарзынэщ цIыхубзхэм я махуэ хэха зэрыщIэр, ауэ цIыхубзыр махуэ кьэс апхуэдэ пщIэ, гулытэ хуэнькъуэщ. Махуэшхуэхэм дызэрызэхуэгуапэм, дызэрызэхуэгумащIэм хуэдэу махуэ кьэс дыщытамэ, гъащIэр нэхъ дахэ хьунут, шэч хэмылъу. Ди цIыхубзхэм я гъащIэр яхуэзыгъэдахэн, яхуэзыгъэлъэпIэн кьакъуэгъуэ я дунейр гъатхэ щIэращIэм хуэдэу ирахьэкIыну, цIыхуэ нэхъ лъапIэныгъэу иIэр - цIыху лъагъуныгъэр кьыгащIэхъуэ щIэблэм яхэлъу хьащIэгъэзэджыныр. Кьэзанокъуэ Жэбагъы «зэманым деКIур ЛыфIщ» - зэрыжиIар ди

Саенкэ Татьянэ

Хьэгуарэ Джамилэ

ХьэлкIэ щабэу, акъылкIэ жану

- ГъэщIэгъэнэщ журналистикэм сызэрыхьыар, - къыддогуашэ КъБР-м цIыхубз зыхьарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Къбгуарэ Джамилэ. Сэ къэзыуар КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и къудамэращ. Сабийхэр цIыкIуу унэм сыщыщIэс зэманым «Кабардино-Балкарская правда» газетым дэлэжьэн щIэздзащ, стхыгъэр кьыхэхуIэну щыжаIэм, корреспонденту езгъэжьащ. ИлъэситхукIэ абы сыщыIауэ, сызэрытхэр ягу ирихьри, «Газета Юга»-м сратъэбдзгъащ. Абы сыщыIэу хьэлэн кьыхущащ Къаныкъуэ Арсен кьэзгъэуэту, Налшык дищIыхь мэжджыным теухуауэ я кьэзгъэпсэлъэн хуейуэ (а зэманым ар иджыри Мэлкъэ щыпсэу хьэрычэтыщIэу арат).

КъэзгъэуэтащI, кьызэгъэсыщI. Абы и ужьдIэ зжыгъэ Iуэхуки Iэ иджыри зэ сыхуэзэн хуей щыхъум, «кьызэдэлажьэ» жиIати, хьэуэ кьыхэзгъэкIакъым. Куэд дэмыкIыу Къзанокъуэ Арсен КъБР-м и Iэтащхьэ щыхасым, сэ пресс-секретарь Iэнатlэр пщэрыльхь кьысщиущащ. ИкъукIэ лэжьыгъэ гугъущ, жэуапльыныгъэ зыпльыльу, ар и гъуэгум хуэдиз гъащIэгъуэнагъи хуэдиз гъащIэгъуэнагъи зыхуэхъуэ абы. ИлъэситхумкIи щIигъукIэ а Iэнатlэр ескъэкIауэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щыIэ Хьыбарегъащ Iэ-аналитикэ Iуэхущапl эм сагъакIуэри, абы илъэсым нэблагъэкIэ сыщылэжьащ. Арарэ псоми я министрым и къуэдзэ Iэнатlэр кьысхуагъэфэщащи, солажьэ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ езмыкъэкIами кьызэгуГъэжьI, ауэ сыкъэлъэ яхэтакъым. СфIэфIу солажьэ, си Iэнатlэм гурэ псэкIэ сыбгъэдэтщ, Iэмал зэрИэкIэ, цIыхухэм сифI зэрезгъэжьным, сазэрыдэIэпыкъуным сыхуущIокъу.

- Уэ уи щапхъэмкIэ до лъагъу жэуапльныгъэ зыпылъ сыт хуэдэ Iэнатlэр цIыхубзым зэрыхуэгъэкьаруунр.

- ЦIыхубзым хузэхьэнщ унафэщI Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Унагъуэ ишIэ зэрыдэлъым кьыхэкIкIэ, тIэкIу нэхъ гугъу хъунущ жумыIэмэ, цIыхухъуэм нэхърэ нэхъыбфIу унафэщI къаэнаныр зыхуэхьэнуэкри диIэщ. ЦIыхубзым и хьэлкIэ нэхъфэ нэхъ гугъуэ икIи нэхъ хьэлэмэтыр егъэджакIуэу улэжьынырщ. Сэ пэщIадзэ кьаосхэм я егъэджакIуэхэр лэжьэн кьиззэрыщIэздзар. ГъащIэри дунейри яфIэрэзщIэгъэуэну япэу школым кьакIуэ цIыкIухэм уащыдзлажьэкIэ, а уэ кьиззэрыкIуэу кьаруушхуэ кьуат. Ар лэжьыгъэшхуэщ, абы нэхъри нэхъ Iэнатlэ гугъуэ иджы кьызэдасым сыпсэрытауэ сщIэжьркьым.

- Татьянэ, цIыхум хэпльыпкъэ хьэл-щэнхэм щыщу сыт-ра япэ ибгъэщыр?

- Псэ кьабзагъэрэ. ФэрыщIагъ зыхэлIым Iэмал зэрибжIэ, пэIащIэ зэрязыщыысщыным яужь ситщ. Дапхъэдизу гъащIэр гугъу мыхъуа-ми, зигугъэ зи псэрэ кьабзэм нэхъ лъагъуэфаIэ щыIэкIым.

- ГъащIэ гъуэзэу жыIэгъуэ е псалъэжь уиIэ?

- НэхъапэкIэ жысIам кьызтезгъэззэжьыщи, сыт щыгъуи седжэну зэрысфIэфым ежьлIауэ, жьэдэрейц: ехьулIэныгъэм, насыпым уи Iэ зэтедзауэ ущыскIэ, укьылъхьэунэхьым, хьэрычэт пщIыр берычэт мэхъу. Уи мурадхэмрэ зыхуэбгъэувыж кьэпэнхэмрэ нэхъ иныху, нэхъ щIэгъэхуэфабэуэ абыхэм ухуэхэIуэху, нэхъыбэ кьохъулIэнщ. Псом хуэмэдэу нобэрей зэманым Iэмалыфl кьурет зи щIалэгъуэм. Пэжщ абыхэм яхэтщ лэжьапIэ ямыгъуэту, я улахуэр яфIэмащIэу тхьэусыхэ куэд, ауэ лъэхъуэм кьегъуэт. �цIыхэсугъуэ улыбэкIуэ, зэрысугъуэ бгъуэтынущ, Iэнатlэ улыхьэумэ, лэжьапIэ кьэбгъуэтынущ. Псори занщIэу кьыззэхуэлIа щIэныкъым, нэхъ цIыкIумкIэ, нэхъ мащIэмкIэ кьыщIэбдзэу, ари зэфIэкIэр кьэбгъэльагъуэрэ адэкIэ укIуэн хуейуэ аращ. Iэхуфl куэд кьыщIэт ди республикэм, щIалэгъуалэм я зэфIэкIэр щIэныгъэрэ щIагъэльагъуэн тукьукэр ират, ауэ иджыри зэ кьытезгъэззэжынщи, а псори фIыщ мурад зиIэм дежкIэ. ЩIалэгъуалэм я дуней еплъыкIэр убзыхуэ хъунымкIэ кьапэнкьыщуэ я пщэ кьыдохуэ адэ-анэм. И зэманым кьечэнджэщу, фIымрэ емрэ зэхэхауэ кьыжраIэу, зыщIэ-цIыхубзхэм яхуэгъэзауэ кьзэгъгъэсбэпынт. Дуней зызыужьым къеозгъэщу гъэсэнигъэри, хабзэри, днири зэгъуэгуу щIэблэм хэплъхъэн папщIэ ауэ кьызэрымыкIуэу акъылышхуэ ухуейщ. СызыгъэгуфIэхэм зыщыщу ди цIыхубзхэм ущагъуэ ри, сабий гъэсэнри, лэжьыгъэри зэрызэдахьэн щIэ-ныгъэрэ зэфIэкIрэ зэра- Iэр.

- Дэ зэрытщIэмкIэ, уэ хъыджэбз тхьэIухудиIу уиIэщ. Лхэр дэнэ нэса, сыт хуэдэ екъулIэныгъэхэр яIа?

- Хьыджэбз нэхъыжьыр КъБКъУ-м иджылызыбзэмкIэ къудамэм щоджэ, еплIанэ илъэсыр негъэс. НэхъыщIэр Санкт-Петербург Киномрэ телевидеоэмкIэ и университетым и ещанэ курсым щIэсщ. ЕджанIэр кьаухэмэ, адэкIэ деплъынщ, эжIэ пыухыкIауэ зыри схужьIэну кьыщIэкIынкъым.

- ГъащIэм уэрригъэувэ щытыкIэм елъытауэ, гуэдзэ пхуэхъуауэ псалъэ хэха уиIэ?

- Япэм «эзи уклыМыкIуэтэ, - жыIэу щытащ, иджы ар цIыхухъуэм нэхъ хуэкIуэу кьыщцохъу. Сэ сыщIыху щабэу жаIэ, ар еэым кьызгурыIуэжу, зэран кьыщысхуэхъуи кьысхуи хуиту, ауэ, итIани, а щабэгъэр цIыхубзым хэмылъу кьысхуегъэззэгъуркъым. ЦIыхубзыр хьэлкIэ щабэу, акьылкIэ жану, гукIэ кьыМыIуэту щытын хуеиуэ кьызолъытэ, гъащIэм и «жьапщэхэм» зыщихъумэфын папщIэ.

- Сыт хуэдэ псалъэкIэ захуэгъэзэнт Къэбэрдей-Балькъэрым и сэлъхуэгъэхэм.

- Сыхуейт ди цIыхубзхэм щIэ нэхъыбэ яIэну. Хъарзынэщ цIыхубзхэм я махуэ хэха зэрыщIэр, ауэ цIыхубзыр махуэ кьэс апхуэдэ пщIэ, гулытэ хуэнькъуэщ. Махуэшхуэхэм дызэрызэхуэгуапэм, дызэрызэхуэгумащIэм хуэдэу махуэ кьэс дыщытамэ, гъащIэр нэхъ дахэ хьунут, шэч хэмылъу. Ди цIыхубзхэм я гъащIэр яхуэзыгъэдахэн, яхуэзыгъэлъэпIэн кьакъуэгъуэ я дунейр гъатхэ щIэращIэм хуэдэу ирахьэкIыну, цIыхуэ нэхъ лъапIэныгъэу иIэр - цIыху лъагъуныгъэр кьыгащIэхъуэ щIэблэм яхэлъу хьащIэгъэзэджыныр. Кьэзанокъуэ Жэбагъы «зэманым деКIур ЛыфIщ» - зэрыжиIар ди

Епсэлъар
ИНЭРОКЪУЭ Данэщ.

Шурдым Iэсият

ШУРДЫМ Iэсият:

Лъагъуныгъэрэ гулытэрэ фыщымыщIэну

***Ди лъэпкъым и щIыхьыр зыIэт хабзэхэм ящыщщ абы цIыхубзым хунщ щIэмрэ гулытэмрэ. Абы щIыхьэт тохъуэ ди Iуэрыдуатэм хэт адыгэ псалъэжьхэр: «Щыхуэб пшэрыльхь хущанэ», «Анэ бгъыфIрэ хъурыфрэ джэдыгуэ», «Щыхуэбзыр унагъуэм и шхэпсщ», нэгъуэщIхэри. Зэманым дэбэкъуэф иджырей адыгэ бзылъхугъэм, гъащIэм и лъэныкъуэ кьэдым яхэтыфим, и щапхъэщ Федеральнэ пощт кьулыкъущIапIэм Къэбэрдей-Балькъэрым щиIэ кьуэдзэ Шурдым Iэсият Хьусен и ихьур. Жэуапльныгъэ зыпылъ Iэнатlэр иригъэфIакIуэу, екъулIэныгъэхэр зыIэригъахьэу зэрыпэрытым кьыдэкIуэу, Iэсият унагъуэ дахэм и унэгъащIэ IэкlуэлъакIуэщ, щхьэгъусэ щыткъэщ, анэ щабэщ, анэшхуэ Iофщ...**

Щыхуэбзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Шурдымы упщIэ зыбжанзкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Iэсият, псом япэрауэ, сыноныхуэхъу къэбдзэгъа махуэшхуэмкIэ. Уи гукъыдэжьым хэмыщIу, бзылъхугъэм насыпу кьыптытэ псомкIи Тхьэр кьыпхуэупсэу упсэну си гуапэщ. Зедмыгъэубгъуэщэу дытегъэпсэтыхьыт узнупафэщI Iэнатlэм. Щыхур игъащIэми хуэныкъуэу кьоКIуэкI хьыбарыщIэхэм, идыкьрей зэманым ар кьыззэрыбгъуэени Iэмал куэд кьежьами, пощт зэпыщIэныгъэхэм я мыхьэнэр абы, дауи, игъэльэхъщакьым...

- Пэжщ, ди лъэхъэнэр кьулейщ хьыбарегъащIэ Iэмал пэрытхэмкIэ. ДэнэкIи зыгъаи, зы Iуэхуи тэмэму пхуэзфIэхыныкъым Интернет, электрон пощт, нэгъуэщI технологиещIэхэри кьыумыгъэсэбэпу. Апхуэдэу зыхуи, пощт зэпыщIэныгъэм и мыхьэнэр идыкьри хуабжьу инщ. Федеральнэ пощт кьулыкъущIапIэм Къэбэрдей-Балькъэрым щиIэ кьудамэр республикэм и Iуэхущапl эмкIэ нэхъ инэм, зызыкьхъэм, ефIакIуэхэм ящыщIу. Iуэху-щIапIыкъэ зэпыщIэныгъэхэм я кьыщыкъуэкIыжьыр кьудамэ 202-рэ. Аэрэ щоладжьэ республикэм и жьлэ псоми. А щыпIэхэм щыпсэу щыкъуэм писмохэр, посылкэхэр, бандеролхэр хуашэу, махуэ кьэс гъуэгу тоувэ Iэнатlэ нэхъыщхьэм икI автомашинэу 70.

Щыгъ минутIым щIигъу щылажьэ республикэ кьудамэм цIыкъуэм яхущIэф IуэхущIэхэм ящыщщ Интернетым, электрон пощтым, ахъшэхэр зэIапхыныбзэ, коммунальнэ Iуэхутхьбзэхэм я гасэхэр тыным, кхъухьлъатэ, мафIэгу билетхэр щэным епхахэр, нэгъуэщIхэри.ديлэжьыгъэр псори зыхуэунэтIэр цIыкъу гъащIэр нэхъ тынш щыныщ.

- СызэрыщыгъуаззэмкIэ, узнипащэ пощт кьулыкъущIапIэм щIэх-щIэхыпрэ кьыщыгъыбгъэнэщ

Къэрал и къэрал и Iуэхущапl эм и Унафэщ Iэнатlэ Къзанокъуэ Арсен ЩIэныгъэм и Къэрал Къулыкъущ Iэ-аналитикэ Iуэхущапl эм сагъакIуэри, абы илъэсым нэблагъэкIэ сыщылэжьащ. Абы сыщыщIэу, сыщыгъэ Iуэхуэ-Iэнатlэ щIэныгъэ Iуэхуэ-Iэнатlэ щIэныгъэ Iуэхуэ-Iэнатlэ щIэны

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Зыгъэхъэзырар щхьэщэмыщI Изэщ

● Гупсысэр - псалъэкIэ

ГукъэкIыжхэр

Фи Хэкум ноби ситщ. Фи деж зыщысплъэхьынкIэ срикъуркъым. Си гугъэнтэкъым гукъэкIыжхэм апхуэдизэ щэху фхэлъу. Къытезгъэзэжурэ мызэ-мытIэу сыиблэкIаи хуэдэщ. ИтIани, сыкъэжIуэху щIэ гуэрхэр, нэхъапэм фщIэмылъэгъуа телъыджэхэр къызыкъуовпэхъуэт. ЛъащIэ имыIэу ара фи пхъуантэм? Е, сызыпэмыплъа хъыбар куэдыIуэ зэуэ къыстефтхъуэмэ, уIэгъэ зи куэд гум зэрыхуэмышэчынур къывгурыIуэрэ? Ара си къэкIуэгъуэ къэс хъыбарыщIэ гуэр къыщIыззэвутIипщыр? Хьэуэ, фэ зыгуэр вдэзгъуэу аракъым. Уеблэмэ, псэм апхуэдизкIэ фыкъоIэфIэкIри, сызыщыщ зэманри сIэщIэгъуупщыкIыжурэ сыфхэджэразэу сыщыфхэгъуэщэжыр нэхъыбэщ. ФызэрыблэкIар е фыкъызэрызгъэнар къыспкърошэсэжри... Аракъэ сызыукIыр?! Сэ нэгъаз сызэриМыIэри фэ фызэрызэзмышэлIэжыфынури къызгуроIуэри, блэкIам сыхуозэщ. СыхуэзэшкIи къигъэзэжынукъым абы. Сэлам дыди къызимызхыжу екъэжащ...

Хуэмурэ фызоутIыпщыж. ЗыфщызогъэпщкIу. ГъащIэм сыхокIуэтэж. Сесэжи хуэдэщ. Ауэ итIани сыфхуэныкъуэ мэхъу, фысхуолIэри, фи лъыхъуакIуэ сыножьэж. СыфкIэлъоIэбэ. СыфкIэлъоIастхъэ. Фэри ффIэфIыпсу фыкъыслъохьэ. СызэщIывоIуалI, си гъащIэм зыкъыхывоутхыпщIэ, фи гупсысэр къыстыворощIэ.

Сыщыфхуэзэгуэп къысхуохуэ куэдрэ. Ауэ екIуэлIапIэнщэ сыхъуэ, гуитIщхьитIыгъэм и къапхъэным сриубыда нэужь, згъуэтыжыр фэращ. Фэращ сызэкIуалIэр, сызэжалIэр. Сытыворгъуэж, фыкъызодэхэщIэж, си нэпсыр схуволъэщIкIыж. Апхуэдэхэм деж согупсыс: сыту фIыщэу фызиIэт гукъэкIыжхэр! Си гум щызэприхьа гуныкъуэгъуэхэри а гупсысэм лъэныкъуэкIэ ирегъэкIуэтэкIыж.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Гъатхэм и лэгъупыкъу

(КIуэхыр. ПщIэдэгъ 1-нэ нап.).

«Унэгущэм» и кьалэныр игъэзащIэу къэпсэльащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым и унафэщIым и къуэдзэ **Хъымбозэр Агнессэ.** Абы жиIащ фондым къекIуалIэхэми и щIыхуэхэми сурэтыщI бзылъхугъэхэм я Iэдакъэщ!экIхэр зэрафIэгъэщIэгъэныр, епль пэтми зэрызыщамыгъэнщIыр.

- Сэсринасыпыфдэщ мазэрэ ныкъуэ зэманым кьриубыдэу мы дахагъэм и курыкупсэм сызэрыхэсынум, махуэ кьэс ахэр зэрыслъагъунум, - жиIащ Агнессэ.

СурэтыщI 18-м я Iэдакъэщ!экIхэм ягъэщIэрэщIащ пэшым и блынхэр. Абыхэм зэм уэрам зэв цIыкIухэм удашэ, пщ!антIэм дэт къаз шырхэм ухагъапльэ, зэми бзылъхугъэм и щIаеэ удз гъэгъа зэмыфэгъухэм «зыхыуагъэгъэпскIыхь». Мазэгъуэ жэщ гуакIуэм ухэту жылэр кьызыхыбокIухь, нэхугъэм ухуокIуэ... Аргуэру зэ ди нэгу щIокI сурэтыщI гъуазджэмрэ макъамэмрэ зэрызэщIэжьыуэр, Iэпщ!эльапщIагъэм кьыхунгъэщIа цIыхуэхэм удз гъэгъам и мэ гурыхьыр зыхьыагъащIэ.

«Гъатхэм и лэгъупыкъу» гъэлъэгъуэныгъэм хэт сурэтхэм я цIэхэми куэд кьыбжаIэ: «МыIэрысей», «Гъатхэ» (зыщIар Абей Iэсиятщ), «Пщыхьэщхьэ» (Аккизовэ Сиярэ), «... гум иль щэхур...» (Аккизовэ Имарэ), «Анэмрэ сабиймрэ» (Бейтыгъуэн Людмилэ), «Удз гъэгъахэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ» (Болэт Людмилэ), «Къазхэр», «Орхидея» (Пак Галинэ), «Красивый» уэрамджKIыр», «Тюльпан гъуэжьхэр» (Пак Софья), «Гъатхэм и бэуэкIэр», «Сэхуран» (Зеленская Юлие), «Хризантемэхэр» (Иванниковэ Ольгэ), «Хы Iуфэм деж щалъэгъуа пщIыхь» (Ерчэн Ольгэ), нэгъуэщIхэри. Мамоновэ Светланэ и лэжьыгъэхэу пэш цIыкIум щхьэхуэу щагъэлъагъуэри махуэшхуэм и гупсысэм куэдкIэ пэдджэжыр.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Къуажэхьэр

Жыг дакъэкъым, пхъэ къэбкъым

| Ди гуэн цIыкIу лы изщ.
| Ди кIуакIэ дамэкъуэ щыхьа дэлъщ.
| Жыг дакъэкъым, пхъэ къэбкъым, зегъэкъри щылъщ.
| Жыг зылъахъэу лъахъэбжьэшэ.
| Зэкъуэшинщ!ым джэдыгуитI ящыгъщ.

ЖЭУАПХЭР:

Бицхьэрэ. Тхъэмэ-кIыхь. Дбэнэ-хуит. Бжьмит.

● Гупсысэр - псалъэкIэ

ГукъэкIыжхэр

Фи Хэкум ноби ситщ. Фи деж зыщысплъэхьынкIэ срикъуркъым. Си гугъэнтэкъым гукъэкIыжхэм апхуэдизэ щэху фхэлъу. Къытезгъэзэжурэ мызэ-мытIэу сыиблэкIаи хуэдэщ. ИтIани, сыкъэжIуэху щIэ гуэрхэр, нэхъапэм фщIэмылъэгъуа телъыджэхэр къызыкъуовпэхъуэт. ЛъащIэ имыIэу ара фи пхъуантэм? Е, сызыпэмыплъа хъыбар куэдыIуэ зэуэ къыстефтхъуэмэ, уIэгъэ зи куэд гум зэрыхуэмышэчынур къывгурыIуэрэ? Ара си къэкIуэгъуэ къэс хъыбарыщIэ гуэр къыщIыззэвутIипщыр? Хьэуэ, фэ зыгуэр вдэзгъуэу аракъым. Уеблэмэ, псэм апхуэдизкIэ фыкъоIэфIэкIри, сызыщыщ зэманри сIэщIэгъуупщыкIыжурэ сыфхэджэразэу сыщыфхэгъуэщэжыр нэхъыбэщ. ФызэрыблэкIар е фыкъызэрызгъэнар къыспкърошэсэжри... Аракъэ сызыукIыр?! Сэ нэгъаз сызэриМыIэри фэ фызэрызэзмышэлIэжыфынури къызгуроIуэри, блэкIам сыхуозэщ. СыхуэзэшкIи къигъэзэжынукъым абы. Сэлам дыди къызимызхыжу екъэжащ...

Хуэмурэ фызоутIыпщыж. ЗыфщызогъэпщкIу. ГъащIэм сыхокIуэтэж. Сесэжи хуэдэщ. Ауэ итIани сыфхуэныкъуэ мэхъу, фысхуолIэри, фи лъыхъуакIуэ сыножьэж. СыфкIэлъоIэбэ. СыфкIэлъоIастхъэ. Фэри ффIэфIыпсу фыкъыслъохьэ. СызэщIывоIуалI, си гъащIэм зыкъыхывоутхыпщIэ, фи гупсысэр къыстыворощIэ.

Сыщыфхуэзэгуэп къысхуохуэ куэдрэ. Ауэ екIуэлIапIэнщэ сыхъуэ, гуитIщхьитIыгъэм и къапхъэным сриубыда нэужь, згъуэтыжыр фэращ. Фэращ сызэкIуалIэр, сызэжалIэр. Сытыворгъуэж, фыкъызодэхэщIэж, си нэпсыр схуволъэщIкIыж. Апхуэдэхэм деж согупсыс: сыту фIыщэу фызиIэт гукъэкIыжхэр! Си гум щызэприхьа гуныкъуэгъуэхэри а гупсысэм лъэныкъуэкIэ ирегъэкIуэтэкIыж.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Псалъэжьхэр

Унагъуэм и лъынтхуэ

- **Фызыфыр уи акьылэгъуэмэ - уунэнщ.**
- **Унэр зыгъэшэрыуэр унэгущэщ.**
- **Насыпыр фызыфIым кьыдокIуэ.**
- **Бзылъхугъэр унагъуэм и лъынтхуэщ.**
- **Бзылъхугъэм и лъэр Тхъэм и унафэм хуэдэщ.**
- **Цыхубзыр дахэмэ, мэпагэ.**
- **Бзылъхугъэ здэщыс сэ кьыщрахкъым.**
- **Унэр зыгъэунэри благъэр зыгъэблагъэри фызырщ.**

Щхьэлъащ!эм и хьэтыркIэ

● Хабзэ

Iадыгэ хабзэр зыщIэ, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэ зыIыхуэхъри мэтэдж цIыхубз кьыщыщIыхьэкIэ, кьыщыбгъэдыхьэкIэ, щыблэкIкIэ.

Iцыхуэхъурэ цIыхубзэ зэгъусэу щытмэ, щысмэ е гъэзгу теувэмэ, цIыхуэхъм цIыхубзыр и нжьыраб-гъэмкIэ егъэув (егъэтIыс), ауэ и гъуэгр и щхьэгъусэмэ, здигъэувыпхъэр (здигъэтIысыпхъэр) сэмэгумкIэщ. АбыкIэ кьащIэу щытын хуейщ ахэр зэрызэщхьэгъуэгъэр.

IцыхуэхъуитI зэщыхьамэ: «Щхьэлъащ!эм и хьэтыркIэ щывгъэт», - жиIэу цIыхубзым и Iэлъэщ!ар абыхэм яку дидзамэ, зэрэуэну зэпэщ!эуваэхэр зэпикIуэтыжыр.

Iэ«Цыхубз пшэрыхь хущаноэ», - жыхуиIэм кьикIыр щакIуэ е бдзэжьеящэ щыIа цIыхуэхъум кьихьым щыщ ящэ зыхуэзэ цIыхубзым тыгъэ хуищIын хуейуэ жызыIэ щыIэщ, ауэ мыбы кьикIыр абыкIэ зэфIэкIыркьым, атIэ цIыхубзым дэнэ дежи, сыт щыгъуи пщIэ лей зэрыхуэщIыпхъэрщ.

Iэ Нэмысыншэу кьалытэ кьигъафэ хьыджбзым жьэхэуэ щIалэр, цIыхубзхэм, сабийхэм яхэту тутын ефэр, псалъэ фIей жызыIэр, чэфу ябгьэдэтыр, абыхэм я пащхьэ щIыкIейуэ итыр.

Iэ Унэм щыщIыхьэкIэ, куэбжэм щыдыхьэкIэ адыгэ цIыхубзхэм цIыхуэхър ящэ ирагъэщ, ар я щIыб ирагъэпльэну кьахуегъэкIуркъым. Адыгэ хабзэмкIэ цIыхубзыр цIыхуэхъухэм ящэ щрагъэщIыр нэщхьеягъуэ здэщыIэ пщIантIэм щыдыхьэм дежщ.

Iэ ЦIыхубз фIэкIа зыбгъэдэмыс Iэнэм щхьэ щIэлъэныкъуэ, нэгэгъуэ яхьыркъым, щыуагъэкIэ кIуами, якъутэркъым, ягуэшыркъым.

Iэ ЦIыхуэхъу гупым яхэт цIыхубз закъуэм е Iущым я Iэр нэхъапэ яубыд.

Iэ ЦIыхуэхъурэ цIыхубзрэ Iэплъэ зэхуащIын хъумэ, бзылъхугъэрщ жэрдэмыр зейр. ЦIыхуэхъум ящэ цIыхубзым Iэплъэ ирипщкIыныр емыкIуу кьелыдэ адагъэ хабзэм. ЦIыхуэхъум ящэу Iэплъэ зыхуищIыпхъэр анэшхуэ, анэ шыпхъу, адэ шыпхъу, езым и шыпхъу дыдэхэрщ.

Iэ Дунейпсо этикэм кьыззэригъэлъагъуэмкIэ, цIыхуэхъурэ цIыхубзрэ щызэхуэзам дэж сэлам ирихьну ящэ Iэбэн хуейр цIыхубзырщ, ауэ ар адыгэ цIыхубз щыпхъэм кьыхуегъэззэгъэрыкъым. КьыхуегъэкIуркъым езым и Iэр ящэ ишийуэ цIыхуэхъуЗм Iэщ!ильхьэну. Ар зыщIэ, хабзэ зыхуэхъуа адыгэ цIыхуэхъэми езыхэм я Iэр ящэ яшийрэ сэлам ирахьу есащи, абы тету йокIуэкI.

ЖЫЛАУ Нурбий.

● Сабийхэм жаIэ

Къысхуэпхьынымелытауэ

Дисэ: Динэ, укъыщалъхуа махуэм себгъэблагъэну?

Динэ: СэщIэркъым, иджыри сегупсысакъым. Ар къысхуэпхьынырщ зэпытар.

Гу лъитакъым

Зэпрыкlыпlэм деж щыт полицэм гъуэгу тезхьэну ежьа щIалэ цIыкIур кьигъэувыIэри еупщIащ:

- Пльагъуркъэ ламп! пльыжь кьыпынар?

Сабийм зэхэзэщхьуэну жиIащ:

- Ламп!ыр слъэгъуащ, гу зылъызмытар уэращ.

И щIыIухэмкIэ

ЕджапIэ зытIэщIыпIэм уэздыгъэр щыщынкIыфIат. Кьантемыр зихуэпэжатэкъым.

- Уи бэлътор дауэ кьэбгъуэтыжьну? - зыхуигъэзащ абы Хьэлым.

- И щIыIухэмкIэ.

- Ахэр сыт хуэдэ?

- ИмытIамэ, зыхуэдэнур сыт?

● ЖыIэгъуэхэр

ЦIыхубзыр уи яужь къихьэмэ...

щыгъуи льагъугъуафIэщ.
n Дахэр гъуджэ ипльрейм э, льагъугъуей мэхъу.
n ЦIыхуэхъукIэ насыпыфIэ цIыхубзымрэ цIыхубзкIэ насыпыфIэ цIыхуэхъумрэ я гъуэщI щIремыхьэнсыж.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Адыгэ бзылъхугъэм хужаIахэр

Тхьэм зы щIыпIэм щызэхуишэса?

Ижь-ижьыж лъандэрэ кьэрал зэхуэмыдэхэм ящыщ кьэхутакIуэхэр, еджагъэшхуэхэр ягъэщIагъуэу адыгэ бзылъхугъэм тетхьыхащ. Ахэр тепсэлъыхьащ адыгэ бзылъхугъэм и дахагъэм, и акъыл жаным, ар нэхъри гуакIуэ зыщI эзрихьэ хабзэ гъэщIэгъуэнхэм.

Х лъэщIыгъуэм адыгэ хэкум щыIа хьэрыпгеограф-кьэхутакIуэ **Абдул-Хьэсан Али аль Массуди** мыпхуэдэу итхьитащ: «ХэгъуэгуетI дэ дыздэщIаIахэм, кьеттхэкIа лъэпкъхэм зыри яхэткъым адыгэхэм хуэдэу зи щIыфэр хужьрэ зи бзылъхугъэхэр дахэрэ. Зы лъэпкъи иIэкъым апхуэдэ уардагъэ, Iэпкълъэпкъ зэкIуэ. Адыгэ бзылъхугъэхэр цIэрыIуэщ я хьэл-щэн дахэмкIэ».

Массуди и ужькIэ илъэс 800-м нэс дэкIаущ нэмыцэ философ-этнограф **Гердер Иоганн** адыгэхэм щатетхьыхьар. Мис абы итхам щыщ пычыгъуэ: «Мыр адыгэ хэкущ, дахагъэм и хэщIапIэщ... адыгэ бзылъхугъэр дуней хъурейм кьыщацIыху. Абыхэм я набдэ шыпэ фIыцIэ псыгъуэ къурашэм, хьуаскIэр кьысыщIих я фIыцIэхэм, нагIэ хуэдэфэм, нэкIу хъурей Iупэ пIащIэм удимыхьэхьнкIэ Iэмал иIэжьым. Дуней псом Iэпкълъэпкъ зэкIужу тет цIыхуэхэр мыбдеж Тхьэм щыIэзэхуишэсам хуэдэщ... Дэ Европэм, ди насыпти, мы лъэпкъ дахащэм дыпэмыжьхьэу Тхьэм дыкъигъэщIащ».

Ди газетым и къыкIэльыкIуэ номерыр къыщыдджкIынур гъатхэпэм и 12-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ!э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщ!эныджэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, Щхьэщэмыщ!Изэ.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбардей-Балкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еплъыгъэнщIапэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ!апIэхэм ядолажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; здэщыгакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ!апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхуитъуэхэм я нжьатыжьмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэпкъуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ нощ!эныщIэныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм щыдгъэлъэшэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хьэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балкъэр щIыналъэ Iуэхущ!апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокьуэ Элэ, редактор Чэрим Марьянэ, корректорхэу Щоджэн Нинэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэлэжьакъуэ* Мызрэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзащ сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.172● Заказ №631

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIму: **5.** Къуэшу дыйж, дыкъэлыйж республикэ. **7.** НэгъуэщIхэм хэмыгъуэщи щхьэкIэ джэдкьалэым традзэ дамыгъэ. **9.** Дыгъуэщхуэм и бий кIуэфыщI. **11.** Iэпльыпхэм ирагъэтIысхьэ, ирагъэщIращIэу. **12.** ЗIэпхьлитI, Къэбэрдей-Балкъэрым и щыхубэ тхакIуитI. **13.** Зэрызехьэ, зэщыхъэ. **16.** Адыгэ таурыхъхэм кьыззэрыхэщымкIэ, псэущхьэ хьылэхьмэ. **17.** ЕмыкIуэльэмыкIуэ. **20.** Къру лъэпкъым щыщ кьуалбзу пIащэ, лъатэу. **22.** ХадэхэкI. **23.** Си щым ... кьыштащ. **25.** Мышэр унгу къэзыгъэкI хьэщхуэ. **26.** Адыгэ щыгъын щIыIутель. **29.** Адыгэ композитор. **31.** Сирием и Iэтащхьэ ... Асад. **33.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **34.** ЩоджэщIыкIу Аслан и поэмэ щIэрыIуэм хэт Мадинэ фIыуэ илъэгъуа щIалэр. **35.** Iэпслъэпс. **36.** Щыблэ щыуэкIэ, пшэхэм кьыхолидыкI. **39.** Къэбэрдей-Балкъэрым и Министрэхэм я Советым и Iэтащхьэу щыта. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **41.** Мэл зыхьэ нэхърэ - ... зыхэпкIэ. **42.** Iэщым я фэр изых бадзэжь. **44.** Ди щIыпIэм куэду кьыщыкI жыг лIэужьыгъуэ. И фэр бадзэщ, псэуалъапхъэ кьыхах. **45.** ХьуаскIэ кьызыхих мывэ быдэ.

Кьехьу: 1. Комбайн щыщымыIам кьэкIыгъэхэр зэрыпачущIу щыта Iэмэпсымэ. **2.** ... кьурашэ. **3.** Щыхуэ залым. фIэкIыпIэнщэ. **4.** Мэжджытым хэщIыхьа ... джапIэ. **6.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **8.** А щэр фIащащэ Бахьсэн районым щыIащ кьуажищ. Иджы щыми нэгъуэщIыщ зэрахьэр. **10.** Щыхуфейцей, лъагъуегъуей. **13.** БжэIулъэ. **14.** Кавказым щыщ кьалэ, щIыху медуаным щIигъу щыпсэууэ. **15.** Нарт Щэуей и адэр. **18.** Зи пхъафэр щхьэцантIэ-хужьыфэ жыг. МафIэдз зыщI Iэнатlэхэм куэду кьыщагъэсэбэп, тхьылъымпIи кьыхащIыкI. **19.** Зи щхьэкIэр гъуэжь дахэу гъэмахуэпэм гъагъэ удз лIэужьыгъуэ. ЦIыхуэхэм яшх. **21.** Совет Союзым и зэманым щIакъуэ хужь къызыщIэкIыу щыта ахъшэ жьгъей. **24.** Джэдкъаз. **27.** Щоджэнщ!ыкIуэм и цIэр зезыхъ ВкIэрдей драмэ театрым и джэгуакIуэ. Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **28.** ХадэхэкIар Iисраф зыщI дзыгъуэщхуэ. **30.** ЩIалэщ, и ... илъыгъуэщ. **32.** Анжьыпхъу. **33.** ... пыIэ. **37.** Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **38.** ЛъагапIэ, бжьэпэ. **40.** Былым Iус. **41.** Шым и плъыфэ. **43.** Нартыху хьуманIэ.

ЗэхуэдгъэкIыжьхэр **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Гъатхэпэм и 2-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ИхуэрегъкIэ кьыкIухьу: **13.** Кьуэу. **14.** Къурыкъу. **15.** Къум. **16.** Маленков. **17.** Вынд. **18.** Дэхъу. **19.** Хьуэхъу. **20.** Хъун. **21.** Нэжэс. **22.** Сэмб. **23.** Баш. **24.** Щэпхъ. **25.** Хъуэун. **26.** Номин. **27.** Нэд. **28.** Дыщ. **29.** Щыгу. **30.** Гуэдз. **31.** Дзасэжь. **32.** Жьей. **33.** Бжьын. **34.** Ныбжьэгъу. **35.** Гъуэгу. **36.** «Заман». **37.** Нал. **38.** Лэрыгъу. **39.** Гъуэмб. **40.** Балъкъ. **41.** Кьру. **42.** Утыку. **43.** Кушыку. **44.** Куэзыр. **45.** Сом. **46.** Мэш. **47.** Шырыкъу. **48.** Кьуэш. **49.** Шортэн. **50.** Нэм. **51.** Мет. **52.** Тхъэ. **53.** Ахъмэт. **54.** Тут.

И кумкIэ кIуэуэ: **1.** Дыгъужь. **2.** Алабгъуэ. **3.** Болэ. **4.** Тхъуэсэ. **5.** Кьэдабэ. **6.** Уэзы. **7.** Гупщ!э. **8.** Кьапльэн. **9.** Жинт. **10.** Мыпкъу. **11.** БажэкIэ. **12.** Лъей.